ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№56 (24.494) • 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

• Дыгъуасэ



# Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центр Налшык къыщызэIуах

**«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым хыхьэу, «Искож» хьэблэм дыгъуасэ къыщызэIуахащ Налшык къалэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ и центрыщIэр.**

УДЗ ГЪЭГЪА теплъэ зиIэ Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрыр къызэIуахыным и пэ къиихуэу, республикэм и къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм лъэпкъ къафэхэм щаIэ зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуащ.

- ПщIэ зыхуэтщI КIуэкIуэ Казбек, си лэжьэгъухэ, ныбжьэгъухэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, нобэрей гуфIэгъуэ къэхъугъэм къэралым и дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым псори щымыгъуэзэнкIи хъунщ, ауэ щэнхабзэ зыужьыныгъэ центрхэр мыгувэу щIыналъэ псоми къыщыунэхунущ. 2019 гъэм и пэ къиихуэу, а Iуэху дахэр едгъэжьащ икIи мыпхуэдэ Iуэхущ IапIэ Налшык къалэм къыщызэIутхыну къыхэтлъхьат, - жиIащ УФ-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Преподобная Надеждэ**. - Гуапэщ ар нобэ къызэрыдэхъулIар. Балигъхэми сабийхэми а центрым я псэм пэгъунэгъу, дэзыхьэх Iуэхугъуэ къыщагъуэтынущ, зыщаужьынымкIи щхьэпэ яхуэхъунущ. Нэхъыщхьэращи, творческэ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэм щыхагъэхъуэнымкIэ сэбэп хъунущ. ЕфIакIуэ, щэнхабзэ IуэхущIапIэ!

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу УФ-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм, министрым, Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым зи мылъку хэзылъхьа дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI! «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащIэм и фIыгъэкIэ, щытыкIэ гугъу дихуами, зэманыр мытыншми, дызэкъуэтмэ, щэнхабзэ Iуэхум зытхуегъэужьынущ, а унэтIыныгъэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ тхуэхъумэнущ, - къыпищащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**. - Къэралым и Президент Путин Владимир «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым хуищI гулъытэм и фIыгъэкIэ, ди сабийхэм я зэфIэкIым хагъэхъуэну, зайужьыну IэмалыфIхэр яIэщ. «Искож» хьэблэр егъэфIэкIуэным дяпэкIи къыпытщэнущ. Спорткомплекс къыщызэIутхынущ, курыт еджапIэхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ щызэдгъэпэщыжынущ. Ухуэныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьа дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI. Центрым и лэжьакIуэхэм ехъулIэныгъэхэр яIэну, дэкIуеипIэщIэхэм хуэкIуэну ди гуапэщ!

ХьэщIэхэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым и пэшхэм (художественнэ, литературэ, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ студиехэм, медицинэ клубым) зыщаплъыхьащ, абы и егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ я лэжьыгъэхэм зыхагъэгъуэзащ. Еплъахэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ декоративно-прикладной гъуазджэм и IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, лъэпкъ къафэхэр. ЕгъэджакIуэхэм къыхагъэщащ ныбжьыщIэ нэхъыбэ IуэхущIапIэм кърашэлIэну, я зэфIэкIхэм зрагъэужьыну зэрамурадыр.

ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, УФ-м, КИФЩI-м щэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, къэпщытакIуэ нэхъыщхьэхэр.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ щапхъэу къалъыта «Эльбрус» ансамблым, «Гармония» студием и гъэсэнхэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# Мылъкур къагъэсэбэп

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат видеоконференц мардэм тету иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и Президиумым и зэIущIэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ вице-премьерыр щытепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм ухуэныгъэм халъхьэ мылъкум и гъэлэжьэкIэ пIалъэр нэхъ кIэщI зэрищIыну Iэмалхэм зэрегупсысым. Ар яхузэфIэкIмэ, цIыхухэр нэхъ псынщIэу унэхэм щIэтIысхьэжынущ, ухуакIуэхэми лэжьыгъэм трагъэкIуэдэнур нэхъ мащIэщ. Ику иту къапщтэмэ, къэралым иужьрей зэманым унэхэр плIыкIэ нэхъ псынщIэу зэтралъхьэн щыщIадзащ, а Iуэхур адэкIи ирагъэфIэкIуэнущ.

КъинэмыщIауэ, инженер къэхутэныгъэхэми проект лэжьыгъэхэми экспертхэр кIэлъыплъыну хуит зыщI унафэм Iэ щIадзакIэщ. Уасэ гъэувынымкIэ къэралым и федеральнэ хабзэм ипкъ иткIэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм ятекIуэдэну мылъкур «ресурс-индекс» IэмалкIэ (уасэхэм зэрызихъуэжым елъытауэ) ягъэувыну Iэмал яIэнущ а дэфтэрым и фIыгъэкIэ.

Иджыри зы зэхъуэкIыныгъэщIэ Iуэхум къыхалъхьэнущ. ДяпэкIэ псоми къагъэсэбэп унэхэр яухуэн папщIэ, хуитыныгъэ щхьэхуэ къеIыхын хуейуэ щытынукъым. Абы ухуакIуэхэм лэжьыгъэм трагъэкIуадэ мылъкур игъэмэщIэнущ, езы ухуэныгъэхэри нэхъ тыншу къыхатхыкIынущ.

2023 - 2025 гъэхэм къыхалъхьа лъэпкъ, федеральнэ программэхэм я гъэзэщIэкIэм тепсэлъыхьащ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирек.

«Капитальнэ ухуэныгъэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым унэ 210-рэ щаухуэнущ, сом меларди 6,9-рэ текIуадэу. Гъуэгуи 109-рэ тралъхьэнущ, сом меларди 4 нэхърэ мынэхъ мащIэ ихьу. Егъэджэныгъэм, узыншагъэм, щэнхабзэм епха ухуэныгъэ 60 зэрагъэпэщыжынущ, сом мелард 1,9-рэ и уасэу. Лэжьыгъэ псоми и ужь ихьакIэщ.

ЗэIущIэм инфраструктурэ зэгъэпэщыным епха проектхэр и чэзум, зыхуей хуэзэу зэрызэфIагъэкIыпхъэми и гугъу щащIащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Хэкупсэ гъэсэныгъэм мыхьэнэшхуэ ират



**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхуэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзоррэ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэтрэ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIэблэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъыным гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын зэрыхуейм.**

ЩIЫНАЛЪЭМ и унафэщIым и псалъэм къызэрыхигъэщамкIэ, дызэрыт лъэхъэнэр къэплъытэмэ, ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэр хэкупсэу, къэралым и къыщхьэщыжакIуэ нэсу гъэсэным гулъытэ хэха егъуэт. Абы иджыпсту иIэ мыхьэнэр зэрыныр къыхагъэщ къэрал унафэр зыIэщIэлъхэми. КIуэкIуэ Казбек жиIар даIыгъыу, министрхэр тепсэлъыхьащ зи пашэ IэнатIэхэм абы и лъэныкъуэкIэ щызэфIагъэкI лэжьыгъэхэм. Республикэм и Iэтащхьэр гупсэхуу едэIуащ министрхэм икIи къыхигъэбелджылыкIащ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм и унэтIыныгъэ псоми адэкIи зэрызегъэужьыпхъэр: ар зи къалэн IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын хуейщ, методикэм хэплъэжыпхъэщ, апхуэдэуи IэнатIэхэр зэпыщIауэ а лэжьыгъэр зэфIагъэкIын хуейщ.

КIуэкIуэ Казбек министрхэм къалэн ящищIащ щIэблэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыныр зэребгъэфIэкIуэфыну Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ къыщIэгъэлъэгъуа проектхэр ябзыхуну, а унэтIыныгъэмкIэ республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэ псори зэзыгъэуIу ахэр хъун хуэдэу.

# Нэхъыжьхэр ящыгъупщэркъым



**Хабзэ дахэ хъуауэ, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и пщIантIэм дэт фэеплъым деж ТекIуэныгъэм и махуэм щокIуэкI Хэку зауэшхуэм хэкIуэда медицинэ лэжьакIуэхэр ягу къыщагъэкIыж зэIущIэ.**

ИЛЪЭС 40-м щIигъужащ а фэеплъыр зэрагъэуврэ, абы текIуэда мылъкур дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ зэхуахьэсауэ щытащ. Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-р республикэм и медицинэ IуэхущIапIэ нэхъ жьы дыдэщ. Зауэ зэманым Урысей Ипщэм и госпиталь нэхъ ин дыдэр абы къыщызэIуахауэ щытащ. УIэгъэ хъуа сэлэт мин бжыгъэхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэжурэ зауэ IэнатIэ гугъум пэрыувэжырт. Апхуэдэ тхыдэ зэриIэрщ а сымаджэщым и пщIантIэм фэеплъыр щIыщагъэувам и щхьэусыгъуэри.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. Ар и лэжьэгъухэм ехъуэхъуащ махуэшхуэмкIэ икIи фIыщIэ яхуищIащ мамыр гъащIэр къытхуэзыхьа лIыхъужьхэм я фэеплъыр зэращымыгъупщэм, ахэр гъэлъэпIэнымкIэ нэхъыжьхэм къыхалъхьа хабзэм къызэрыпащэм папщIэ.

- Медицинэм и лэжьакIуэхэми лIыгъэ зэрахьэу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам теухуа хъыбар куэдым дыщыгъуэщ, - жиIащ министрым. - Зауэ щытыкIэ хьэлъэм иту я IэщIагъэм къалэн къащищIар къэмылэнджэжу ягъэзэщIащ. Дрогушхуэ абыхэм зэрахьа хахуагъэм икIи я фэеплъыр зэрытхъумэным адэкIи дыхущIэкъунущ. Дэтхэнэ зэманми езым и лIыхъужьхэр иIэжщ. Иджыпстуи медицинэм и лэжьакIуэхэр дзэ Iуэху хэхам хэту къэралым пщэрылъ къыщищIар ягъэзащIэу я къулыкъур ирахькI.

ЗэIущIэ нэужьым министрымрэ Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ Кумыщ Анзоррэ щыIащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Калабуховэ Валентинэ и деж икIи ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ ехъуэхъуахэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ республикэм и Парламентым и депутатхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я унафэщIхэм Хэку зауэшхуэм хэтахэр я нэIэ щIагъэуваш, псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зыIууэ гугъуехьхэр зэфIэхыныкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун папщIэ. Калабуховэ Валентинэ къыкIэлъоплъ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр. Абы и лъэIукIэ къащэхуа телевизорыр махуэшхуэм ирихьэлIэу ветераным хуишэжащ министрым.

Валентинэ къыхуеблэгъахэм яхуиIуэтэжащ зауэ илъэсхэм езым и нэгу щIэкIахэр. Фронтым ар щыIащ медсестрауэ, бзылъхугъэр сэбэп яхуэхъуащ уIэгъэ хъуа сэлэт щэ бжыгъэхэм. Ар хэтащ Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэм, зауэлI уIэгъэхэр Индыл псым зэпрышынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ хъуащ. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр, ЩIыхь орденым и III нагъыщэр, юбилей медалхэр.

Къалэбатэ Рустамрэ Кумыщ Анзоррэ зауэ гугъуехьхэр зыгъэунэхуа бзылъхугъэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, гукъыдэж иIэу, бэуIэIуншэу псэуну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъур гъэлъэпIэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъум къыхэкIыу **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи абы пыщIа Iуэхухэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет убзыхун икIи абы щIыгъу гуэдзэным тету хэтхэр къэщтэн.
2. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым:
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырыным икIи ар егъэкIуэкIыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIынухэм я план зэхилъхьэн икIи къищтэн;
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ я гъусэу гуфIэгъуэ Iуэхухэм зыхуагъэхьэзырыныр икIи ар ирагъэкIуэкIыныр къызэригъэпэщын.
3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкiэ и министерствэм гуфIэгъуэ Iуэхухэр зэрекIуэкIыр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщын.
4. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 накъыгъэм и 4-м*
*№48-УГ*

# Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэм хоплъэ



**КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым хэтхэм я зэIущIэ. Депутатхэм яубзыхуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр зи лъабжьэ, зэрылэжьэну планыр.**

КъБР-м и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ къызэрыхигъэщамкIэ, планыр Зэрызыхуагъазэм къыщыхьа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ зэхалъхьащ, ар пункт 25-рэ мэхъу. Псалъэм папщIэ, абы хэтщ законхэм я проект зыбжанэ зэрагъэхьэзырынур, «правительствэ сыхьэт», «комитетым и сыхьэт» зэIущIэхэр, «стIол хъурейхэр», комитетхэм я зэхуэс къызэрыгуэкIхэмрэ щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIхэмрэ, нэгъуэщIхэри.

- Планым хэдгъэхьа дэтхэнэ Iуэхугъуэри и чэзум зыхуей хуэзэу зэфIэгъэкIын хуейщ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ. - КъБР-м и Парламентым и комитетхэм я пщэ итлъхьащ гъатхэ, бжьыхьэ зэхуэсыгъуэхэм я кIэухым Планым щыгъэбелджыла Iуэхугъуэхэр зэрагъэзэщIам теухуа дэфтэр хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и унафэщIым и пащхьэ иралъхьэн хуейуэ.

Депутатхэм унафэ ящIащ къыкIэлъыкIуэ зэхуэсыгъуэр 2023 гъэм накъыгъэм и 25-м трагъэхуэну.

КъищынэмыщIауэ, парламентархэр тепсэлъыхьащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэм, хабзэубзыху жэрдэмхэм, УФ-м и нэгъуэщI хэгъэгухэм къикIа зэрызыхуагъазэхэм.

Япэ ирагъэщри, депутатхэм занщIэу зэпкърахащ Iуэхугъуэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ банкым щIыхуэ къеIызыххэм щIэпхъаджащIэхэр зэран къахуэмыхъун папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэр, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ я паспортхэр щызэрахъуэкIын хуей пIалъэр хуэгъэкIуэтэныр, зыми и нэIэ щIэмыт псэущхьэхэм ятеухуа федеральнэ унафэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр.

Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыр къызэрагъэсэбэпымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ 2022 гъэм республикэм гъавэр къызэрыщрахьэлIэжам, бжьыхьэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIам, ахэр КъБР-м и Парламентым и Президиумым ищIа унафэм тету зэрагъэзэщIам.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***



# ЗаузлI, тхакIуэ, журналист

## КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъубж Мухьэдин къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу



**Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ Гъубж Мухьэдин МэчрэIил и къуэр 1913 гъэм Къэрэгъэш (Иналхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым Псыхуабэ дэт пединститутым щIэтIысхьэри, 1935 гъэм ар ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр», «Ленин гъуэгу», «Советская молодежь» газетхэм я корреспонденту, литературэ лэжьакIуэу щытащ.**

1941 гъэм езыр щIэлъэIури, зэуапIэм Iухьащ. Смоленск, Орш къалэхэм, Новополтавэ областым щызэуащ, уIэгъэ хъуащ. Сымаджэщ нэужьым, 1943 гъэм, дзэ къулыкъур и узыншагъэмкIэ иримыхьэкIыжыфыну къалъытэри, къагъэкIуэжащ, и хахуагъэм папщIи медаль зыбжани къратауэ.

Къыщалъхуа и жылэжьым къызэригъэзэжу, зауэм Iисраф ищIа мэкъумэш IэнатIэр зэфIэгъэувэжыным иужь ихьащ. Чапаевым и цIэр зезыхьэ колхозым и унафэщIу щытащ илъэсищым щIигъукIэ. Набдзэгубдзаплъэу гъащIэм хущыт, жиIэн зиIэ цIыхум уси итхыу щIидзащ. ИужькIэ, журналисту щылажьэм, абы и тхыгъэхэр нэхъыбэу зытриухуэр зауэмрэ лэжьыгъэмрэт.

Гъубжым и япэ усэ тхылъыр, «Акъужь гуакIуэ» зыфIищар, КIыщокъуэ Алим хэлIыфIыхьри, 1960 гъэм къыдэкIауэ щытащ. КъыкIэлъыкIуэ и Iэдакъэщ IэкIхэр Москваи Налшыки дунейм къыщытехьэнымкIэ Алим абы зэкъым къызэрыдэIэпыкъуар.

Адыгэ цIыхубэ усэ гъэпсыкIэр IэкIуэлъакIуэу къигъэсэбэпырт Мухьэдин. Зы сатырым и кIэухымрэ адрейм и пэщIэдзэмрэ рифмэ дахэкIэ зэпищIэрт, усэм абыкIэ макъамэ щIигъэувэу. Апхуэдэ усэ гъэпсыкIэр IуэрыIуатэм къыщожьэ.

И ныбжьыр илъэс 75-рэ щыхъум ирихьэлIэу, 1988 гъэм Мухьэдин къратащ и япэ дамыгъэр - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр, 1993 гъэм «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Гъубж Мухьэдин и тхыгъэхэм щыщ куэдыр сабийхэм яхуэгъэзащ: «Акъужь гуакIуэ» (1960), «Бжьахъуэм и пщыIэм» (1965), «Дыщэ бзу» (1967), «Лэгъупыкъу» (1973), «Кто сильнее?» (1973), «Цурка и ёжик» (1980) усэ тхылъхэр къыдэкIащ. Ар и усэхэм щытопсэлъыхь лIыгъэ зыхэлъ, ерыщу зи мурадым хуэкIуэ, лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу сабийхэм, адрейхэмкIэ щIонакIэ зыри зыхуэмыщIэ щхьэхынэхэм. Гъубж Мухьэдин и гуащIэр зэпкърызыха, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Алъхъэс Светланэ зэритхымкIэ, «Гъубжыр акъужь гуакIуэм е гъатхэм, псыежэх цIыкIум е щIымахуэ щIылэм тетхыхьми, плъыфэхэр дахэу къыхех, щIэщыгъуэу дэтхэнэми тотхыхь».

Куэдрэ Гъубжым и творчествэм хэтащ зауэм и Iуэхур. Абы теухуащ и рассказхэр щызэхуэхьэса «Гулизар» (1975) тхылъыр, «Дыгъужь лъакъуитI» романыр, нэгъуэщIхэри.

И ныбжьыр щыхэкIуэтами, дунейм ехыжыху тхэныр Iэщыбэ ищIакъым Мухьэдин. КъыдэмыкIауэ къэнащ абы и усэхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса «Пусть мир господствует», «Везде чудеса», «Нэгъэщу», «Гъуэгу махуэ» тхыгъэхэр.

Гъубж Мухьэдин къыщIэнахэр абы и щхьэгъусэм иритащ Налшык дэт дэфтэр хъумапIэхэм. Фондым хэлъщ роман, повесть, пьесэ, усэ, поэмэ, рассказ IэрытххэрI мэкъумэш IэнатIэм, ухуэныгъэм, медицинэм я лэжьакIуэ пашэхэм ятеухуа тхыгъэхэр; Хэку зауэшхуэм хэтахэм, усакIуэхэу ЩоджэнцIыкIу IэдэмI, Тхьэгъэзит Зубер, нэгъуэщIхэми ятриухуа очеркхэр; и тхылъхэм хуатха рецензэхэр; тхылъхэр; Цыбинэ Бэллэ, Мэлбахъуэ Тимборэ, Тхьэбысым Умар, КIуэкIуэ Валерэ сымэ Iуэху зэхуэмыдэхэм теухуауэ яхуитха письмохэр; цIыху щхьэхуэхэм псалъэ гуапэу хуатхауэ щытахэр; и гъащIэм, и лэжьыгъэм ехьэлIа дэфтэр зэмылIэужьыгъуэхэр; сурэтхэр.

Гъубжым и IэдакъэщIэкI усэхэм ящыщ зыбжанэ нобэ тыдодзэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

### Жьыбгъэ

Мылым щIопщ щегъаджэ,
Джабэм къыщофий,
Уафэм пшэр щыщIедзэ,
Ныджэр егъэдий.

Дамэншэу лъэтауэ,
Утыкум щоджэгу,
Хадэм ихутауэ,
ДыщIегъэплъ и лъэгу.

Гущэу зыщIиупскIэу,
ПкIэунэм щогыз,
Бгызэ жыгыр ещIри,
Щофий къурш ауз.

Зэзу зигъэдыджу
Пыджэу къеущыхь,
Удзхэр къегъэуджыр,
Псыми ходжэгухь.

КъыдищIэф щымыIэу,
Жьыбгъэр пэмыIэж.
АдкIэ «Ым» жимыIэу,
Чыхум ар хохьэж.

### Зи бзэр IэфIым уещI Iущабэ

Зи бзэр IэфIым уигу егъэфIыр,
Гугъэр фIыгъуэм хуеунэтIыр.
Зи бзэр IэфIым лъэр щIегъэкIыр,
Пхуэмыщыну куэд плъегъэкIыр.

Зи бзэр IэфIым нэр егъаплъэ,
Гъатхэу цIыхум уIуегъаплъэ.
Зи бзэр IэфIым уещI Iущабэ,
Гурылъ IэфIхэр докъэрабэ.

Зи бзэр IэфIым щIыр добзыгъэ,
ГъащIэр къыпщещIыф щIэщыгъуэ.
Зи бзэр IэфIым фIыр добагъуэ,
Щыхеш щIыгум и Шыхулъагъуэ.

Зи бзэр IэфIым уегъэгушхуэ,
Къуегъэгъэжэ насып псышхуэ.
Зи бзэр IэфIыр дыгъэ-мазэщ,
Сытым дежи фIыгъуэ гъуазэщ.

Зи бзэр IэфIым пхуимытI мащэ,
ЕкIэ зэикI ар къомыщэ.
Зи бзэр IэфIыр жыжьэ маплъэ,
Щыхум дыгъэу ар яIуоплъэ.

Зи бзэр IэфIырщ насып зиIэр,
Дэрэжэгъуэу ар дэ диIэщ.
Аращ фIыщIэ, щытхъу щымыщIэр,
Зыдэхуабэр бэм я гущIэр!

### Сытхъухэр зелъатэу къотIыс

Къуршхэм я щхьэфэр тхъупауэ
Нэху нышэдибэ къекIащ,
ПфIигъэщIу жьы дыдэ хъупауэ
ЩIылъэми и фэр пыкIащ.

Зигъэшыбжийуэ акъужьыр
Йодзакъэ нэкIуми, щымысхь,
ТкIыбжьу къопсалъэ пщэдджыжьыр -
Махуэр уейпсейкIэ епсыхь.

Домбеякъ щIыкIэу къэпщIыпщIу,
Сытхъухэр зелъатэу къотIыс,
ХещIыхь и тхыпхъэр псым IупщIу -
Уаер Iуэхуншэу щымыс...

Сэри, гупсысэр Iэпэгъуу,
Псыхъуэм сыдэтщи, дунейм
Си ныбжь тридзэ нэхъей,
Ихъуреягъкlэ хужьыгъэщ.

### ХъыбарегъащIэ

Накъыгъэм и 23-м сыхьэт 11-м КъБР-м и Парламентым щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондымрэ я бюджетыр 2022 гъэм зэрагъэзэщIам теухуа зэIущIэр.

АБЫ ХЭТЫНУ е законопроектхэм я Iуэху еплъыкIэ халъхьэну хуейхэм (къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм къабгъэдэкIыу) я тхыгъэхэр ягъэхь хъунущ КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогымрэ финанс Iуэхухэмкlэ и комитетым. ХэщIапIэр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55.

Дэфтэрхэр щыбгъуэтынущ КъБР-м и Парламентым и сайтым - https://parlament.kbr.ru/

Апхуэдэуи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2022 гъэм зэрагъэзэщIам теухуауэ» законым и проектым зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и сайтми - https://minfin.kbr.ru/.

«ЦIыхухэм папщIэ бюджетыр» хъыбарегъащIэ тхыгъэри абдеж итынущ.

УпщIэ зиIэхэр (8662) 42-64-60 телефон номерым псалъэ хъунущ:

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

### ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэщ

Налшык щыщ Черкесовэ Зухра Барисбий и пхъур (1961 гъ.) дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэщ.

Къеузыр: лыжх, 4-нэ лъэхъэнэм нэсащ, къытригъэзауэ, лъхуадэм зыщеубгъу. Черкесовэ Зухра егъэлеяуэ щытыкIэ гугъум итщ, и узыр кIуэ пэтми хотIасэ.

ЦIыхубзым Германием къыщеIэзэным хуэныкъуэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы ахъшэ текIуэдэнущ. Зэхуэхьэсыпхъэр: сом 2000000.

ДэIэпыкъуфынухэм ахъшэр мы номерхэмкIэ евгъэхьыну дыныволъэу:

Хъумапlэ банк: 2202 2019 5358 5854
Tinkoff: 2200 7007 7264 9256
Е телефон номерымкIэ: 89289129306

### Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 13,** *щэбэт*

♦**УФ-м и Тенджыз ФIыцIэ флотым и махуэщ**

♦**1913 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъубж Мухьэдин.**

♦**1924 гъэм** къалъхуащ Урысейм и ЛIыхъужь **Къардэн Уэхьид.**

♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м пщIэ зиIэ и ухуакIуэ, УФ-м пщIэ зиIэ и гъуэгуухуэ, «Мостстрой» ОО-м и генеральнэ директору лэжьа **Джэрыджэ Къанщобий.**

♦**1965 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, Ингушым щIыхь зиIэ я артист **Зеущэ Iэуес.**

♦**1969 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 14,** *тхьэмахуэ*

♦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэу щыта **Тау Пщыкъан.**

♦**1950 гъэм** къалъхуащ композитор, макъамэдж **Блай Тамарэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык узшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 15,** *блыщхьэ*

♦**Унагъуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Климатым и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шу дивизэр зауэм кIуащ.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Акъсырэ Залымхъан.**

♦**1921 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дудар Хьэутий.**

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист, режиссёр **ШэрыIужь Анатолэ.**

♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Къамбий Зуфар.**

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-ми ЩIДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр.**

♦**1962 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ДыщэкI Артур.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

## Псалъэм и пэр умыщIэмэ, и кIэр пщIэркъым.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр КъБР-м и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым деж зэпымыууэ щыIэм и япэ къуэдзэ **Гыллыев Ахъмэт Азрэт и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Гыллыев Алий Азрэт и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



Зэщхьэгъусэхэу Хьэсэнрэ ФатIимэрэ



ТыIэщхэ я унагъуэр



Къуэрылъху нэхъыжь Антемыр

● 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсщ

# ТыIэщхэ я унагъуэ дахэр

**Я лэжьыгъэм пщIэ къахуихьауэ, я унагъуэм щапхъэ трахыу, жылэдэсхэм я гъуазэрэ щIэблэм я лъагъуэхэшу Лашынкъей къуажэм дэсхэм ящыщщ ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я унагъуэр. Илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъауэ зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм я гъуэгум и къежьапIэ хъуар курыт еджапIэрщ, къызэранэкIа илъэсхэри щагъэкIуар аращ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу игъэнэхуа 2023 гъэм я цIэр къипIуэну, я пщIэр пIэтыну яхуэфащэщ ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я унагъуэм - щIэс псори егъэджакIуэщ, гъэсакIуэщ, унэтIакIуэщ. Езыхэр апхуэдизкIэ насыпыфIэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу зэдопсэу, зэдолажьэри, дуней псом щапхъэу щыбгъэлъагъуэ хъунущ.

Я гъащIэр зэрырагъэжьам хуэдэущ къызэракIуэр ТыIэщхэ къызэранэкIа илъэсхэр. Хьэсэн Лашынкъей курыт еджапIэр къиуха нэужь, КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэм щIэтIысхьэри, физик IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ, 1972 гъэм Къулъкъужын Ипщэ дэт курыт еджапIэ №2-м егъэджакIуэу ягъэкIуащ. А школым и 10-нэ классым щеджэрт Iэхъуэбэч ФатIимэ. ЕгъэджакIуэ щIалэмрэ школакIуэ пщащэ Iущымрэ апхуэдэу зэрыцIыхуа хъури, илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу унагъуэ яухуащ.

Хьэсэн илъэситIкIэ Къулъкъужын Ипщэ щылажьэри, езыр къыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ, 1975 гъэм школым и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ. 1976 гъэм щегъэжьауэ 1987 гъэ пщIондэ Лашынкъей курыт еджапIэм и унафэщIу лэжьащ щIалэр. ИужькIэ районым ягъакIуэри, Шэджэм щIыналъэ администрацэм ЦIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и Iэтащхьэу щытащ. А илъэсхэм къриубыдэу ТыIэщым и жэрдэмкIэ, сабий 540-рэ зыщIэхуэ курыт школ Лашынкъей щащIащ икIи 1995 гъэм фокIадэм и 1-м къызэIуахащ.

А илъэсым щыщIэдзауэ 2012 гъэ пщIондэ школыщIэм и унафэщIу лэжьащ лIы щыпкъэр. ЛэжьыгъэкIэ къимыкIуэту, цIыхугъэкIэ гумащIэу, хьэлкIэ зэпIэзэрыту, унафэкIэ ткIийуэ пэрытащ Хьэсэн и къулыкъум. Илъэс бжыгъэ куэдкIэ школыр зыхуей хуэзэу, егъэджакIуэхэр къыхуэарэзыуэ, ныбжьыщIэхэр къыфIэлIыкIыу зэрихьащ абы еджапIэр. Гъэсэныгъэри егъэджэныгъэри зэхуэдэу щызэтеубла IуэхущIапIэр нэхъыфIхэм хабжэрт. Абы къыщымынэу, зэпеуэхэм хэтурэ пашэныгъэхэр къахь зэпытт, абы къыпэкIуэмкIэ школым и мылъку-техникэ лъабжьэр ирагъэфIакIуэрт. Къулыкъу зыбжанэ зэрихъуэкIыну къыхуихуами, Хьэсэн сыт щыгъуи зи ужь итар къыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтынырщ, къыхиха IэщIагъэм хуэпэжу пэрытынырщ, щIэуэ къежьэмрэ фIыуэ къигупсысымрэ IэнатIэм хипщэнырщ. Хьэсэн Iуэхум и пIалъэ зэрищIэм, егъэджэныгъэ зэтеухуэкIэм зэрыхуэIэзэм, IэнатIэм и щэху псоми зэрыщыгъуазэм фIыщIэрэ щытхъуу къыпэкIуэр мащIэтэкъым, зи унафэщI еджапIэм щIэлъ хабзэм, лэжьыгъэм, зэгурыIуэм я фIыгъэкIэ адрейхэм сыт щыгъуи къахэщырт.

Зыпэрыта Iуэхум хуищIа хэлъхьэныгъэр гулъытэншэу къэнакъым ТыIэщ Хьэсэн. 1984 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «РСФСР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник» дамыгъэ лъапIэр, 2002 гъэм «КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыфIащащ.

Илъэс куэдкIэ псэ хьэлэлкIэ зэрылэжьам, къыдэкIуэтей щIэблэр егъэджэным, гъэсэным гуащIэ ин зэрыхилъхьам папщIэ зэрагъэлъэпIа щIыхь тхылъхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ куэд мэхъу. Лэжьыгъэм и ветеран, Лашынкъей къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, Шэджэм щIыналъэм и Жылагъуэ советым хэт ТыIэщ Хьэсэн и зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр къэсу тIысыжами, и Iэр зэтедзауэ щыскъым, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, чэнджэщрэ дэIэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэу къыбгъэдыхьэхэр зэи игъэщIэхъуркъым, и унагъуэ дахэр игъэбжьыфIэу я жьантIэм дэсщ.

И щIалэгъуэ лъандэрэ щхьэгъусэ гумащIэу, лэжьэгъу гумызагъэу, бзылъхугъэ щыпкъэу къыдекIуэкI ФатIими и цIэр куэдрэ фIыкIэ къраIуэу пэрытщ и лэжьыгъэм. Ар иджыри библиотекэм и унафэщIу щолажьэ Лашынкъей дэт, Хьэгъэжей Джонсон и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-м. Курыт школыр «5» защIэкIэ, ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэта педучилищэр диплом плъыжькIэ къэзыуха бзылъхугъэр сыт хуэдэ Iуэху пэрыхьэми фIы дыдэу игъэзащIэущ къызэрекIуэкIыр. И щхьэгъусэм зы мэскъалкIи зыкъыкIэримыгъэхуу, унагъуэри зэрихьэу, сабийхэр зыхуей хуигъазэу 1977 гъэ лъандэрэ и IэщIагъэм пэрытщ.

Абы щегъэжьауэ ФатIимэ щIэныгъэ-егъэджэныгъэ Iуэхум зэи хуэщхьэхакъым, 1995 гъэ хъуху программэм и лей егъэджэныгъэм пэрыту 1-нэ курыт школым щылэжьащ. Къыхэпха IэнатIэм жэуаплыныгъэ пхэлъу упэрытын, цIыхур къызэрыпщыгугъыр зэфIэбгъэкIын зэрыхуейр псом япэ иригъэщ зэпытщ.

Егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, щIалэгъуалэр гъуэгу захуэ тегъэувэным, чэнджэщ щхьэпэ етыным, хабзэм тету гъэсэным, пщIэ, нэмыс яхэлъхьэным ипэ зыри иригъэщыркъым. КъыдэкIуэтей щIэблэр екIуу игъэсэнымкIэ сэбэп къыхуохъу егъэджакIуэ IэщIагъэм къыдэкIуэу езыри анэу зэрыщытыр. БыныфI бгъэсэнымрэ щIэблэ Iущ къыпщIэхъуэнымрэ насыпышхуэу къэзылъытэ бзылъхугъэм и лэжьыгъэм къалэн куэд щызэдехь жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Ар хуабжьу ирогушхуэ и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэ гуэр зыIэрагъэхьамэ, иригъэджахэм IэщIагъэлI нэс, цIыху зэпIэзэрыт къахэкIамэ. Ди республикэм и закъуэ мыхъуу, нэгъуэщI къалэшхуэхэми зи цIэр фIыкIэ къыщраIуэ IэщIагъэлI нэсхэри яхэтщ ФатIимэ и еджакIуэу щытахэм.

«Ди дежкIэ нэхъыщхьэр ебгъэджар балигъ хъуауэ, цIыху зэпIэзэрыту, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэувауэ плъагъунырщ, ар къыббгъэдыхьэрэ гуапэу сэлам къуихмэ, абы нэхърэ нэхъ фIыгъуэрэ хъерррэ егъэджакIуэри гъэсакIуэри хуейкъым, - жеIэ ФатIимэ. - Абы къегъэлъагъуэ унэтIакIуэм игъащIэ лъандэрэ зыпэрыт IэнатIэм гуащIэу, зэману, къаруу хилъхьар псыхэкIуадэ зэрымыхъуар. ЦIыхум уазэрыхуэупсэфым, уазэрыдэгуэшэфым, уазэрыдэIэпыкъуфым хуэдиз пщIэи щыбогъуэтыж ди IэщIагъэм. Псом япэу, ар, зэрыжысIащи, уи еджакIуэхэм я ехъулIэныгъэмрэ къыпхуащI гулъытэмрэщ. ЕтIуанэрауэ, уи лэжьыгъэм къыпэкIуэ фIыщIэрщ. Ди курыт школым и унафэщI КIэбышэ Заремэ зэи зыри гулъытэншэ ищIынукъым, ди Iуэхухэр зэрыкIуэтэным иужь иту, гупыр зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу игъэлажьэу, сыт хуэдэ Iуэху къетхьэжьэми, и нэIэ къыттригъэту апхуэдэщ.

2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу зэрагъэувар а IэнатIэм пэрыт дэтхэнэ зым дежкIи лъапIэщ. Ди къуажэми дахэу къыщызэIутхащ а илъэсыр, пшыхь екIуи къызэрагъэпэщащ Лашынкъей къуажэ администрацэмрэ Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэмрэ. ШколитIми щылажьэ егъэджакIуэхэр къызэхуашэсри, я гур хагъэхъуащ, я нэгу зрагъэужьащ. Къуажэдэс интеллигенцэм апхуэдэ гулъытэ щагъуэтым деж нэхъыбэжым трагъэгушхуэу аращ».

ФатIимэ жыджэру и IэнатIэм зэрыпэрытым, республикэм и егъэджэныгъэ Iуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIым папщIэ ди лъахэми, Шэджэм щIыналъэми, Лашынкъей къуажэми я унафэщIхэм къабгъэдэкI щIыхь, щытхъу тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу Дунейпсо Артийскэ комитетым игъэхьэзыра медалри нэгъабэ къызэрыратар. «Урысейм и гугъапIэ» урысейпсо бзылъхугъэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу иджыблагъэ ЩIыхь тхылъкIэ ягъэлъэпIащ. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ тыгъэр узыщыгуфIыкIынщ.

ФатIимэ и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Лашынкъей къуажэм дэс ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэми хэтщ, хузэфIэкI къимыгъанэу и гуащIэ, акъыл, къару хелъхьэ жылагъуэ лэжьыгъэм. Абы и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие и жьауэм щIэту лажьэ бзылъхугъэхэм гу зылъамытэу зы Iуэхугъуи благъэкIыркъым. Къуажэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр зэи лъэныкъуэкIэ къагъанэркъым, закъыхуэзыгъазэхэми я лъэIур хуащIэ.

- Къуажэм дэс зи Iуэху хуэмыщIахэрщ нэхъыбэу ди нэIэ зытетыр, - жеIэ ФатIимэ. - Зыгуэрым лъэIукIэ зыкъытхуигъэзамэ, е дэ хуэныкъуэIауэ къэтщIамэ, зэгухьэныгъэм хэтхэр дызочэнджэщри, тхузэфIэкIымкIэ защIыдогъакъуэ, ди къару къимыхьрэ - къыддэIэпыкъун къыдогъуэт. Ди къуажэм дэсщ мылъку зыбгъэдэлъ щIалэ хъарзынэхэр. Зи сомым щымысхьу зыкъытщIэзыгъакъуэ дэтхэнэми, нэхъыбэжу Тхьэм къахилъхьэж. Апхуэдэхэм Iуэхухэр къыддаIыгъ, икIи хуэныкъуэхэм ядэIэпыкъун щхьэкIэ зэи къикIуэтынукъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, бынунагъуэшхуэхэм школ щIэтIысхьэжыгъуэхэм деж дадоIэпыкъу, сабийр школым зэрыкIуэн щыгъын е щеджэкIэ къагъэсэбэпын хьэпшыпхэр къахудощэху. Къыхэгъэщыпхъэщ апхуэдэ гуэр къэхъуамэ, псом япэу къыткъуэувэ, Лашынкъей къуажэ администрацэм и унафэщI Хьэгъэжей Хьэсэн. Мы щIалэм фIыщIэ хуэфащэщ къетхьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури къызэрыддигъэпсынщIэм щхьэкIэ.

ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я лэжьыгъэм къыщалэжьа пщIэм гъуни нэзи иIэкъым, зы тхыгъэми къыщыпхузэщIегъэубыдэнукъым. Апхуэдиз ехъулIэныгъэм я нэхъыщхьэр, дауи, зэдаухуа унагъуэ насыпыфIэрщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, адэ-анэм я IэщIагъэр къыхахыжащ щIалитIми, щхьэгъусэу къыхахари а IэщIагъэм пэрытхэщ.

ЩIалэ нэхъыжь ФуIэд курыт школыр дыщэ медалкIэ, КъБКъУ-м ИнформатикэмкIэ и факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. Абы лъандэрэ зы махуи хущIемыгъуэжауэ и IэщIагъэм пэрытщ. Жэуаплыныгъэ ин хэлъу, и адэм и пщIэр иIыгъыу къыщIидзэри, IэщIагъэм и щэху псори зригъэщIащ. ЩIалэ дыдэу и цIэр фIыкIэ Iуащ ФуIэд, компьютерхэр къуажэ школхэм къыщагъэсэбэпын щыщIадзам, зэрыригъаджэм хуэдэурэ, егъэджакIуэхэри а Iуэхум хуигъэсащ. Илъэс 18-кIэ Лашынкъей дэт 2-нэ школым щригъэджащ, иджы Налшык къалэ дэт школ №7-м щолажьэ, унафэщIым и къуэдзэщ.

ФуIэди и IэщIагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым папщIэ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

ЩIалэ нэхъыщIэ Адмири егъэджакIуэщ, КъБКъУ-р къызэриухрэ я къуажэ курыт школым ОБЖ-мрэ физкультурэмкIэ егъэджакIуэу щолажьэ. Игъасэ цIыкIухэр район, республикэ зэпеуэхэм хэту, пашэныгъэхэр къыщахьу апхуэдэщ. ЕгъэджакIуэ нэсым къыхуащI пщIэр, игъасэ сабийхэм къыхуаIэ фIэлIыкIыр гъунэншэщ.

Адэ-анэ гумызагъэм ягъэса бын щыпкъэщ ФуIэдрэ Адмиррэ. ЩIалитIми я щхьэгъусэхэми хуэфэщэну ирахьэкI я лэжьыгъэри унагъуэ къалэнхэри. ФуIэд и щхьэгъусэ Зуридэ курыт школым епхауэ лажьэ «Нур» сабий гъэсапIэм и унафэщIщ. Адмир и щхьэгъусэ Лариси гъэсакIуэу а сабий садым щолажьэ. НысащIэхэм я IэщIагъэм фIыуэ хащIыкIыу, щIэщыгъуэу гуэр зэрыхалъхьэным иужь иту, район, республикэ зэпеуэхэм хэту, сыт щыгъуи я цIэр фIыкIэ къраIуэу апхуэдэщ.

Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я лъэр щIэзыгъэкIыр я къуэрылъхухэрщ, нэхъыжьым къуищ иIэщ, абыхэм ящыщу зыр студентщ - Урысейм и МЧС-м Граждан зыхъумэжынымкIэ и академием щоджэ, адрейхэр школакIуэщ.

Адмир хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ иIэщи, школакIуэхэщ, щIэныгъэм я гур хузэIухауэ апхуэдэщ къуэрылъхухэр. Къуажэм дэс сабийхэр зыгъасэ, езыгъаджэ унагъуэм къыщыхъу щIэблэм хуэдэ гъуэтыгъуейщ. Адэшхуэ-анэшхуэхэм я жыIэм едаIуэрэ адэ-анэр я щапхъэу къохъу ТыIэщхэ я къуэрылъху цIыкIухэр.

Унагъуэ насыпым и щэхур зыгъэунэхуа ФатIимэ, ар зыхэлъымкIэ дыщеупщIым къыджиIащ: «Унагъуэм ис цIыхухъум пщIэ хуэщIын хуейщ, абы жиIэм уедэIуэныр псом ящхьэщ. Насыпым лъабжьэ хуэхъур зэгурыIуэныгъэрауэ къызолъытэ сэ. Дуней фIыгъуэр уиIэми, узэгурымыIуэмэ, зыри и мыхьэнэкъым». Лэжьыгъэм зэрыпэрыувэрэ зэдэлэжьащ зэщхьэгъусэхэр. Абы жэуаплыныгъэ нэхъыби я пщэ къыдилъхьэрт, ауэ зыкIи зэран къахуэхъуакъым. Акъыл гъэтIысарэ хьэл зэпIэзэрытрэ зиIэ Хьэсэнрэ абы и псалъэр тIу имыщIу бгъэдэт бзылъхугъэ Iущымрэ гъуэгуанэ насыпыфIэ къызэдакIуащ. Нэхъыщхьэращи, унагъуэри, лэжьыгъэри зэхуэдэу зыхуей хуагъэзащ. Хьэсэн и гъащIэр лэжьыгъэм иритащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. ЕтIуанэ махуэм къыпэщылъ лэжьыгъэм хуэмыхьэзыру ар зэи гъуэлъу жеякъым. Бзылъхугъэм дежкIэ нэхъ гугъу хъунщ лэжьыгъэри унагъуэри зэдэпхьыну, ауэ, щхьэгъусэм, анэм, унэгуащэм я къалэнхэми, и лэжьыгъэми пэлъэщу апхуэдэщ ФатIимэ. А тIум япэ ирагъэщыр дэтхэнэрами ущеупщIкIэ, къыбжаIэфынукъым ТыIэщ зэщхьэгъусэхэм, апхуэдизкIэ я IэнатIэм хуэпэжщи, унагъуэр я псэм хэлъщи.

2023 гъэм Шэджэм район администрацэм къыбгъэдэкIыу ТыIэщхэ я унагъуэм дамыгъэ лъапIэ къыхуагъэфэщащ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу илъэс куэд щIауэ зэрызэдэпсэум папщIэ. Унагъуэ лъапIэныгъэхэр яхъумэу, къыхаха IэщIагъэм хуэпэжу, щIэблэ узыншэ къащIэхъуэу, ахэр нэхъыжьхэм яхуэфащэу гъащIэм хагъэувэу иджыри куэдрэ щыIэн Тхьэм ищI ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я унагъуэ дахэр!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*

**● Іуэху еплъыкІэ**

# Уегъэгузавэ, уегъэпІейтей, ухегъэгупсысыхь

**Зэманыр, шэ икІауэ, блолъэт. Зехъуэж гъащІэм, нэгъуэщІ мэхъу цІыхухэм я гупсысэр, зэхущытыкІэр, лъапІэныгъэу къалъытэхэр. А псори дызыпэмылъэщын къэхъукъащІэщ, атІэми дэ тщыщ дэтхэнэми ди Іэмыщ1эм илъщ дызыщыщ, дыкъызыхэкІа лъэпкъым и къэкІуэнур, а лъэпкъым дрицІыхуу зыкъэтлъытэжмэ, дауи. Псом хуэдэжкъым цІыхум и анэдэлъхубзэм хуиІапхъэ щытыкІэр: лъэпкъыу дыщызыгъэт, дыкъезыгъэлъытэ а фІыгъуэм сабийм хуэдэу дыхуэсакъыу, зи хьэл-щэн зэтеувэ ныбжьыщІэм хуэдэу дыхуэнабдзэгубдзаплъэу, зи щІалэгъуэм хуэдэу зедгъэужьу, нэхъыжьхэм яІапхъэ пщІэ лъагэм хуэдэ едгъэгъуэту зетхьэн хуейщ. Сыту жыпІэмэ, ихъуреягъкІэ екІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр лъоІэс лъэпкъым и анэдэлъхубзэми, уигъэгузавэу, уигъэпІейтейуэ, ухигъэгупсысыхьу...**

ИЛЪЭС щитІ хуэдэ ипэкІэ щІалэгъуалэм зызрагъэщхьыну щыІэхэр я нэхъыжьхэрт, абыхэм я дуней тетыкІэр, я псэлъэкІэр, зыщІыкІэр я щапхъэу. Илъэсищэ хуэдэкІэ узэІэбэкІыжмэ, совет властым игъэува гъащІэщІэм увыпІэ щхьэхуэ икІи пщІэ щигъуэтащ абы къыхыхьа урысыбзэм. Ди къуэш лъэпкъышхуэм и бзэмкІэ псалъэ зыбжанэ зыщІэр зы щхьэкІэ мыдрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу къалъытэу хъуат а зэманым. Урысыбзэм щыщу бзэм къыхыхьэ псалъэхэр хуэмурэ нэхъыбэ хъуащ, ауэ абы щыгъуэми къуажэдэс щІалэгъуалэр адыгэбзэкІэ зэпсалъэрт, зэрыщІэрти, ари узыщыгуфІыкІ хъуну Іуэхугъуэт.

Нэхъапэм урысыбзэ зыщІэр ягъэщІагъуэу щытамэ, иджы адыгэбзэ къабзэкІэ псалъэр яфІэтелъыджэщ. ГъащІэм телевизор, видеомагнитофон, иужькІэ телефон, компьютерхэр къыщыхыхьэм, ныбжьыщІэхэм я нэхъыжьхэр зэралъагъум нэхърэ нэхъыбэрэ гаджетхэр яІыгъ, интернетым хыхьэ хъуащ: щІэмрэ жьымрэ яку дэлъу щыта зэпыщІэныгъэм и лъабжьэр абыхэм къагъэтІэсхъащ, нэрылъагъу зэрыхъумкІэ, иджы ар докІуэдыкІыпэ. Абы нэмыщІ, телефонхэмрэ компьютерхэмрэ тхылъхэм я пІэ къиуващ. Совет лъэхъэнэм щыгъуэ дуней псом тхылъ нэхъыбэ щеджэу щытар ди къэралырт. Иджыпсту пхужыІэнукъым, абыкІэ сыт хуэдэ увыпІэм дыщытми. ИнтернетымкІэ нэхъыбэу зэхахыр урысыбзэщ, зэплъхэр нэгъуэщІыбзэкІэ ягъэува фильмхэрщ, таурыхъхэрщ, нэхъыбэу зэдаІуэри хамэбзэкІэ ягъэзащІэ уэрэдхэрщ. Дауи, иджы зызрагъэщхьыр, зызыпащІыжыр я нэхъыжьхэркъым, атІэ интернетым щалъагъухэрщ, абы «ныбжьэгъу щахуэхъуахэм» я псэлъэкІэрщ, зыщІыкІэрщ, зыхуэпэкІэрщ, уеблэмэ гупсысэкІэрщ.

Сабийр зекІуэн щІимыдзэ щІыкІэ телефоным Іэбэу хуожьэ. Сыт ар къэзышэр - илъагъур аращ, адэм, анэм, нэхъыжьым, унагъуэм нэгъуэщІ сабий исмэ, абыхэм зэраІыгъыр елъагъу. Сабийр иджыри ІэплІэтесу щытыху, нэхъыжьхэм я куэщІ исуу аргуэру телефоным ирагъэплъ. ЗекІуэн щІидза нэужь, абы кІэлъыплъу унэм щІэмытын, пщІантІэм дэмытын щхьэкІэ, телефон ІэщІалъхьэ - езыхэм я щхьэ Іуэхухэр зэрахуэн щхьэкІэ. Мыбдежым нэхъыщхьэр - сабийр зэран къахуэмыхъу къудеймэ аращ.

Абдеж къыщыщІэдзауэ адэ-анэр и быным зэран хуэхъужу щІедзэ, ар къыгурымыІуэ (е къыгурыІуэну хуэмейрэ?) хуэдэу зищІу, езым и щхьэ тыншыпІэ зэрехуэ. Сабийм лейуэ къытехьэм уегупсысмэ, апхуэдэщ мы Іуэхугъуэхэр:

- япэрауэ, гаджетыр сабийм и нэм зэран хуохъу;
- и тхыр Іушэу ухуа мэхъу;
- и ІэпкълъэпкъымкІэ зэман кІыхьым къриубыдэу зигъэхъейркъым;
- гаджетыр къыщеІыпхкІэ, гъыуэ щІедзэ - и психикэм зехъуэж.

ЖытІахэм къапкърыкІыр:

- нэгъуджэ зезыхьэ ныбжьыщІэхэр нэхъыбэ мэхъу;
- зи хьэлъагъымрэ зи инагъымрэ зэпэмыхъухэм я бжыгъэм хохъуэ;
- тхышэ хъуам и тхым ираузэхужыну кІэрапхэн къыхуащэху;
- сабий къиинхэр нэхъыбэ мэхъу,
- интернетымкІэ мыхъумыщІагъэу ялъагъум я гугъу умыщІыххэ...

А псоми я щхьэжу, адэ-анэр абы и анэдэлъхубзэмкІэ емыпсалъэурэ урысыбзэр е нэгъуэщІ хамэбзэр нэхъапэ къещтэ. Урысыбзэр япэу къэзыщта сабийм адыгэбзэр е къиштэжынукъым, е а Іуэхум гугъу дыдэ дехьыжынущ.

КъэдвгъэщІэжыт, зэрыжаІэжымкІэ, илъэс 30 - 40 ипэкІэ къыдагъэкІауэ щыта таурыхъхэм, фильмхэм зыгуэрым ухуаущийуэ, ухуагъасэу щытащ. Иджыпсту щыІэхэм, закъуэтІакъуэ нэхъ хыумыгъэкІыну, зыщызэкІэщІаш, мыхъумыщІагъэ щыжаІэ. Зи акъыл иджыри зэфІэмыува сабийм абыхэм ещхьу упсэлъэныр, зыпщІыныр пэжу къыщохъури, илъэгъуам зыпещІыж. Ращ-тІэ, нэ илъагъу Іэ ещІэж.

Уеблэмэ унагъуэм щІэс сабийхэр махуэ псокІэ щызэмыпсалъэ щыІэщ. КъыдэкІуэтеиху, Іуэхури нэхъ хэкІуатэу аращ. Мыбдежым зы гушыІэ къэсхьынут абы теухуауэ. «Зымахуэ интернетыр лажьэртэкъыми, унагъуэм исхэм садэуэршэрат, - жеІэ зы лІы гуэрым. - Гу зылъыстаращи, ахэр цІыху хьэлэмэтщ икІи гуапэщ». Апхуэдэу къызэхэнащ унагъуэхэм я нэхъыбапІэр, адыгэхэри яхэту.

ЩІалэгъуалэм я бзэм зэрызихъуэжым дэтхэнэ зыми гу лъетэ, псори абы топсэлъыхь, иригузавэ хуэдэуи щытщ. АтІэми зыми къилъытэну хуейкъым е гу лъамытэ защІ апхуэдэ Іуэху щытыкІэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэм. ЩІалэгъуалэр езырезыру къэхъуну, заужьыжыну дутІыпщамэ, мы Іуэхугъуэми дыщІытепсэлъыхьыжын щыІэкъым, ауэ, апхуэмыдэмэ, Іейр щІыщыІэми фІыр щІыщыІэми щхьэусыгъуэ яІэщ. Сыту пІэрэ ди бзэр дэхуэха зэрыхъум и щхьэусыгъуэр? Апхуэдэ упщІэм и жэуапым дыщылъыхъуэну мурад тщІащ езы щІалэгъуалэм я деж.

Илъэс 17 - 18-хэм ит ныбжьыщІэхэм ехьэлІауэ интернетым къэхутэныгъэ щедгъэкІуэкІат нэгъабэ, ахэр лъэпкъыбзэм зэрыхущытыр къэтщІэн папщІэ. Зыми я цІэ-унэцІэ къедгъэгъэлъэгъуакъым, къуажэцІи къалэцІи къыхедгъэгъэщакъым. Апхуэдэу щІэтщІар псалъэмакъыр утыку къитхьэныр къалэну зыхуэдгъэувыжатэкъыми аращ. Ди къэхутэныгъэм лъабжьэ гуэрхэр игъуэтын папщІэщ. Ди щхьэ закъуэкІэ, ди гупсысэ къудейкІэ лажьэу щыІэр тхузэфІэхынукъым, ауэ ар къызыхэкІымрэ тхуещІэнумрэ къэтлъытэну, дубзыхуну аращ.

Псом япэ къихуэу жыІапхъэщ, сыт хуэдэ къэхутэныгъэ цІыхум я деж щебгъэкІуэкІами, абы къыуитыну жэуапхэр пыухыкІыпауэ пэж дыдэу щымытынкІэ зэрыхъур. Абы къыхэкІкІэ, дэри ди къэхутэныгъэр фІы и лъэныкъуэкІи Іей и лъэныкъуэкІи екІуэтэкІынкІэ мэхъу, ауэ гу зылъытапхъэ хэлъщ - Іугъуэ здэщыІэм мафІи щыІэщ. Мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым.

Дохутырым узыр игъэхъужын щхьэкІэ, ар къызыхэкІар къыгурыІуэн хуейщ, армырамэ узыр имыгъэхъужу игъэундэрэщхъуэну аращ. Бзэм и Іуэхури апхуэдэщ, дытепсэлъыхь къудейкІэ зэфІэкІынукъым, лажьэу щыІэр къыщежьамрэ абы и зэфІэхыкІа хъунумрэ къыдгурымыІуауэ. ЦІыхубэ зэгухьэныгъэхэми, адэ-анэхэми, еджапІэхэми, нэгъуэщІ къэрал Іуэхущ1апІэхэми - псоми къагуроІуэ анэдэлъхубзэм лей къызэрытехьэр, ар «зэрысымаджэр», ауэ а узыфэм «зэреІэзэну» щІыкІэр нобэр къыздэсым гъэпса хъуакъым. ЕджапІэм адэ-анэр егъэкъуаншэ, адэ-анэм - еджапІэр. КІэ гуэр зимыІэ, ублапІэ зыхуамыщІа Іуэхущ ар.

Аращи, ди къэхутэныгъэм цІыху 96-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщу 79-р щеджар къуажэ школырщ. Анэдэлъхубзэр школхэм зэрыщаджым утепсэлъыхьмэ, ар зи бзэу къэзылъытэу программэ убзыхуамкІэ зыджхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ. АнэдэлъхубзэхэмкІэ пэщІэдзэ гупхэр нэхъапэм здэщыІэу щытар Налшык и закъуэмэ, иджы нэхъ къалэ цІыкІухэри (Бахъсэн, Нарткъалэ) къыхыхьэ хъуащ. Уеблэмэ къуажэдэс адэ-анэхэм, адэшхуэанэшхуэхэм ящыщ куэд еджапІэм щыкІуэ щыІэщ, я сабийхэм адыгэбзэр нэсу ирагъэджыну хуэмейуэ, ар зи анэдэлъхубзэу щымытхэр здэкІуэ пэщІэдзэ гупхэм хагъэхьэну щІэлъэІуу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ пэщІэдзэ гупхэм кІуэхэм я бжыгъэр е адыгэбзэ зымыджыххэхэр нэхъыбэ мэхъу.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къигъэлъэгъуа бжыгъэхэм ятетщІыхьмэ, адыгэ сабий мин тхущІым нэблагъэ курыт еджапІэхэм щІэсащ илъэс ипэкІэ. Абыхэм я Іыхьэ плІанэм нэблагъэм адыгэбзэр псоми яхэту яджакъым, е еджэххакъым, е пэщІэдзэ гупым яхэсащ.

Мыпхуэдэ бжыгъэхэм еплъытмэ, ди къэхутэныгъэм къыдита Іуэхугъуэхэри пэжу щыту пІэрэ жыпІэу урегъэгупсыс. ДызэупщІа цІыху 96-м ящыщу пэщІэдзэ гупым кІуар цІыху 13-щ зэрыхъур. Адыгэ тхакІуэхэм, усакІуэхэм ящыщу яцІыхухэм я унэцІэхэр щатхым, гуапэ тщыхъуат 3 - 4 нэхъыбэ щыжаІэхэр, ауэ нэхъыбэм ящІэр унэцІэ къудейращ - цІэхэмкІэ уеупщІ хъунутэкъым. УнэцІэр пэжу жаІамэ, ахэр жэуап пэжым хэттхащ.

ДызэупщІахэм я процент 18-ращ яцІыхуж тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм ящыщ гуэрхэм я цІэ къизыІуэфар. Я ныбжь нэсрэ бын ягъуэту щытмэ, ахэр адыгэбзэ дерсхэм мыкІуэххэми ядэну жаІащ 4-м. «Сэ адэкІэ адыгэбзэ сыхуейкъым», - жызыІахэр 7 мэхъу. Я адэ-анэр тІури адыгэу щытми, адыгэбзэкІэ унэм къыщепсэлъэххэркъым 5-м. Къэзылъхуахэр адыгэбзэкІэ къепсалъэу щытми, 7-м езыхэм урысыбзэщ жэуап зэратыжыр.

Къэхутэныгъэм наІуэ къищІащ нэгъуэщІ зы Іуэхугъуи: адыгэбзэ емыджа ныбжьыщІэхэм адрей предметхэмкІи щІэныгъэшхуэ зрагъэгъуэтыфауэ пхужыІэнукъым. ЦІыху 96-м къахэкІакъым къэралпсо олимпиадэм предмет гуэркІэ къыщыхэжаныкІа. Аттестатым «5» защІэ иту щытми (апхуэдэ зыбжанэ къахэкІащ) инджылызыбзэ е нэгъуэщІ хамэ къэралыбзэ фІы дыдэу зыщІэ зыри яхэтакъым.

Иджыри зэ жытІэжынщи, мы къэхутэныгъэм къыдита жэуапхэр шэчыншэу пэжу къэплъытэ хъунукъым, ауэ ди жылагъуэм щытепщэ хъуа гупсысэмрэ Іуэху бгъэдыхьэкІэмрэ наІуэ къещІ, ныкъуэсаныгъэ куэд къыщІегъэщ. Абы псоми хьэкъ къытщещІ «узыфэм» еІэзэкІэ, хэкІыпІэ къыхуэтлъыхъуэн хуейуэ.

ЩІэблэм я деж щытлъэгъуамрэ нэхъыжьыІуэхэм я Іуэху еплъыкІэмрэ зэпэтлъытын, зэдгъэпщэн щхьэкІэ, нэгъуэщІ зы Іуэхугъуи длэжьащ. Зи бын курыт школ е еджапІэ нэхъыщхьэ щІэс адэ-анэ 30-м мыпхуэдэ упщІэхэр еттащ:

- Фи бынхэм адыгэбзэкІэ фепсалъэрэ?
- Сыт щІалэгъуалэм адыгэбзэр яджын щІафІэмыфІыр?
- АдыгэбзэкІэ сыт хуэдэ тхылъ е тхыгъэ уеджа иужьрей илъэсищым къриубыдэу?
- ЩІалэгъуалэм лъэпкъыбзэр ІэщІыб зэращІымкІэ хэт къуаншэу къэфлъытэр?

А лэжьыгъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, адыгэбзэкІэ псори я быным епсалъэу ятхащ. Къэралри, еджапІэри, тхылъри ягъэкъуаншэ сабийхэм бзэр ІэщІыб зэращІымкІэ. ЦІыхуибгъум адэанэри ягъэкъуэншащ. КъищынэмыщІауэ, адыгэбзэкІэ тхылъ гъэщІэгъуэн щымыІэу къалъытэ куэдым. Иужьрей илъэсищым адыгэбзэкІэ тхауэ тхылъ къэзыщэхуауэ къахэкІар 3 къудейщ: зым псалъалъэ, тІум таурыхъ, ауэ сыт хуэдэ таурыхъхэми ящІэжыркъым. Мыадыгэбзэу, ауэ адыгэм ятеухуа тхылъ 4-м къащэхуащ. Адэ-анэхэм ящыщхэр быным адыгэбзэр къытрамыгъэхьэлъэу, адрей предметхэр нэхъыфІу ирагъэджыным хущІэкъуами, езыхэми ныбжьыщІэхэми ядэтлъэгъуакъым ар тегъэщІапІэ зыхуэхъуа щІэныгъэ куу: уи анэдэлъхубзэм узэрыхущытым хуэдэщ адрей предметхэми хуущ1э щытыкІэр.

Дэ къызэрыдгурыІуэмкІэ, щхьэгъэпцІэжщ адыгэбзэри, тхылъхэри, егъэджакІуэхэри бгъэкъуаншэу ущытыныр - бзэм иІапхъэ пщІэмрэ гулъытэмрэ хэщІмэ, щхьэусыгъуэр щхьэж и деж къыщрелъыхъуэж. Зы лъэныкъуэ гуэр бгъэкъуаншэу ущыскІэ, Іуэхур нэхъыфІ хъунукъым. Ди анэдэлъхубзэр нобэ зэрыт щытыкІэм псори зэдэууэ демыгупсысмэ, хэкІыпІэхэр къэдмылъыхъуэмэ, Іуэхур кІуэтэнукъым. Ди бзэри дунейпсо щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэм ящыщщ. Абы къыхэкІыу адыгэ хабзэри адыгэбзэри хъумэн хуейщ, сыт хуэдэ гугъуехь а Іуэхум пыщІами. Зи бзэр зимыІэж лъэпкъым къыщыщІыр псоми дощІэ... Тхьэм дыщихъумэ апхуэдэ гузэвэгъуэм.

**ХЪУСИН Раметэ**,
*КъБКъУ-м и магистратурэм щеджэ.*



**ГЪУЩІО Зариф**

### УИ ТХЫДЭР ЯТХЫЖ

Гъущ1 кІапсэ банэр бгъэм,
джэбыну къешэкІарэ,
УІэгъэ миным хужьыр плъыжь ящІауэ,
Си адыгэбзэ, узэхэфыщІарэ
Удынхэм уагъэуфІыцІауэ,
КъысфІощІ ухэлъу ноби ятІэм,
Дохутырхэм укъаухъуреихьауэ...
Лъы къыпщІэжар мыупщІыІужауэ
Абыхэм щэхуу щІым ущІатІэ...
Сабийр хамэбзэм дихьэхауэ
Уэ пщыщу ищІэр мыхъумыщІэбзэщ.
И Хэку къинари хэхэс хъуауэ
Къыхуагъэувхэри и хабзэщ.
Уэ уи къабзагъэрщ хаутар, -
Ятхыж хамэбзэкІэ уи тхыдэр,
Мэжджыт бжэІупэм лІыжь
щышхыдэм
И закъуэ диныр зыхъумар?
Инджылыз, нэмыцэ,
франджы щІалэ, -
Уи гъащІэр яджыр дихьэхауэ.
Уэ къыпщІэхъуахэм уарихамэу
Лыхьым уи псалъэ псори далъхьэ...

**БЕМЫРЗЭ Мухьэдин**

### АДЫГЭБЗЭ

Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфІыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,
УзиІэу зыми семыфыгъуэ.
УзиІэу зыми семыиж -
АбыкІи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи беягъкІи сыбеижщ.
Адрейхэр сщІэнуи сыхуопабгъэр.
Уэрыншэм гъащІэр шхын мышыут,
И ІэфІи фІэІуи зыхэзмыщІэу,
Мо дыгъэ къепсыр щхьэкІуэ шут,
Абдж къызэрыкІуэт вагъуэ мыщІэр.
ЖызыІэ щыІэщ псалъэгъэху
Уэ къэбгъэщІэнур къэбгъэщІауэ,
И псалъэ кІапсэр зэрихъэху
УфІэмыІуэхуу, къопэбжьауэу.
Сэ зы дакъикъи семыдэІу
Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм -
Къуршыпс ежэхыр хуэщІкъым дэгу
Абы зыгуэрым хидза мывэм.
Псыр тожри, мывэхэр къонэж,
Гъуэгу зэрытехьэрэ и псыпэр
ЗэринэкІар абы гъунэжщ
Мывэ пкІэлъейрэ щхьэдэхыпІэу.
Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу, угурыхуэщ,
ЦІыхугу дэтхэнэри къотІэщІ,
Уэ ущагъабзэкІэ Іэрыхуэу.
Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм къызыкъуохри уи къарур,
ХеящІэ джатэу ар уогъабзэ.
Анэ быдзышэу уэ уІэфІщ,
Ущыщхьэщыск1э сабий гущэм,
Гухэлъ уэрэди жыбоІэф,
ЗэригъэдзэкІыу пщащэ гущІэр.
Уэ уафІэжьгъейми, къэбгъэщІащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщІащ
Иджыри мащІэкъым уи натІэр...
Си лъэпкъым щІэблэ къыщІэхъуам
Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу,
Я нэхъ тхьэмыщкІэ ар щыхъуам
УреІэ уэ, си адыгэбзэ!

# Фэеплъым и хъумакIуэхэр

ГъащIэр апхуэдизкIэ теплъэгъуэ куэду зэхэтщи, ныбжьым и зы далэ къэпкIуауэ ущызэплъэкIыжкIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым абыхэм узэрамыщIыкIыу, цIыху сэфэтым урамыхуукъызэрызэтенэр. «ЦIыхуфэр Iувщ, хуэмышэчын къытрилъхьэркъым», - жыхуаIэр пэжу къыщIэкIынущ, армыхъумэ узыпэмыплъэу къэхъумрэ узыщыгугъыу узылъэмыIэсымрэ я щхьэкIуэм цIыхум зригъэужьынтэкъым, псэ тыншыгъуи къаритынтэкъым. ГъэщIэгъуэнращи, апхуэдэ къэхъугъэ хьэлъэхэм Iуданэпсу къешэкIащ цIыхум и гъащIэм хэлъ гукъэкIыж Iэфl псори. Гуауэм и щIагъ щIэлъщ цIыхугум щыблэ лъагъуныгъэ мафIэр зымыгъэкIуасэ, къэзылъхуам, къыдалъхуам, къилъхуам яхуиIэ гурыщIэр. Аращ цIыхур щызыгъэIэр, гугъэхэр езыгъэщIыр, унагъуэ щIыбагъ къезыгъэлъыхъуэр.

Австрием щыщ тхакIуэшхуэ Краус Карл зэгуэр жиIэгъат: «Уэрамым дэт псысэныбэм цIыкIухэр зыщIигъэдэIу и гукъэкIыжхэм елъытауэ, Егбгъуанэ симфониер сытым щыщ?! ГукъэкIыжхэм узэрауIэм хуэдэу, я Iэзэгъуи къокI, упсэуну ухуейуэ гукъыдэжышхуи къыуат». Пэж дыдэу, гукъэкIыжхэр гум итIысхьауэ ис нэрымылъагъу къарущ, сыт хуэдиз гухэщIыгъуэ къыхэмыкIми, псэхэлъхьэж хъууэ.

ГукъэкIыжхэм лъэхъэнэхэр зэпащIэнуи, абыхэм зэрылъхузэрыпIхэр зэрапхынуи, жылагъуэр данэпскIэ зэкIэрашхэнуи гуащIэ зэраIэр щIэныгъэлIхэм къазэрыгурыIуэрэ куэд щIащ. Аращ «меморат» жыхуиIэ къэIуэтэкIэ лIэужьыгъуэм щIэныгъэм зыщиужьу щIыхуежьар. Псэ зыхэлъ псалъэм къаруушхуэ иIэщ. А къарур здынэсыр къагурыIуагъэнут Къущхьэ ТIуащIэм (Черногорием) анэдэлъхубзэм и лъабжьэр ягъэбыдэну иужь щихьа щIэныгъэлIхэм.

А хэгъэгуращ егъэджакIуэхэр анэдэлъхубзэкIэ Iуэтэж тхынкIэ япэ дыдэу щызэпрагъэуауэ щытар. ИкIи, пэжым и хьэтыркIэ къыхэгъэщын хуейщ, черногор литературэм а жэрдэмым фIыуэ зригъэужьащ.

И теплъэкIи, зыхуигъэувыж къалэнкIи зэщхьэщыкIыу Къущхьэ ТIуащIэм щекIуэкIа зэныкъуэкъу щхьэпэм зиубгъуащ, щIыпIэ Iэджэми нэсащ. ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэращ егъэджакIуэхэр анэдэлъхубзэкIэ тхыгъэ ятхыу япэ дыдэу зэпезыгъэуар. ГукъэкIыр Iэмал хъарзынэу къыщIэкIащ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIыр здынэсыр ягъэунэхужыныкIэ, тхэнымкIэ яIэ зэфIэкIхэр къагъэIэгъуэнымкIэ. ДяпэкIэ зэрыхъунур хэт жиIэн, ауэ хуабжьу дыщогугъ мыпхуэдэ зэпеуэхэм егъэджакIуэхэр къалэмым щымышынэ ищIыну, тхэным я гур хуигъэушыну.

Мы гъэм Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкIа Тхыгъэ зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуищым языхэзщ Бахъсэн къалэм дэт, Лермонтов Михаил и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Лосэн Хьэужан. Анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр щIэблэм зыхезыгъащIэ икIи къезыгъащтэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэ ар. Абы и гъэсэнхэм ящыщ хэмыту адыгэбзэмкIэ зэпеуэ, зэныкъуэкъу, гъэлъэгъуэныгъэ щIагъуэ блэкIыркъым. ЕхъулIэныгъэфIхэр зэриIэм и щыхьэтщ Хьэужан адыгэбзэмкIэ хэгъэгупсо олимпиадэхэм япэ увыпIэр къызэрыщихьыр. ЗэрыегъэджакIуэфIым, зэрыгъэсакIуэфIым къыдэкIуэу, къызэрыщIэкIамкIэ, ар тхэнми хуэхамэкъым. Абы «Гум и джэ макъ» зыфIища и тхыгъэр къэпщытакIуэхэм нэхъыфI дыдэхэм халъытащ.

Ищхьэкlэ зи гугъу щытщIа черногор егъэджакIуэхэм я Iэужьым къазэрытекI щымыIэу гъэпсащ Лосэн Хьэужан и IэдакъэщIэкIыр: пэжу къэхъуа, гур зыхуз Iуэхугъуэм теужьыкIащ, гъэгъуныгъэм, сакъыныгъэм, гупсысэным укъыхуриджэу зэхэлъхьащ, Iуэтэж жыпхъэм иту гъэпсащ. Анэм и гуIэгъуэхэмрэ анэкъилъхум и гузэвэгъуэмрэ щызэщIэжьыуэ тхыгъэм мотив къуэж куэд иIэщ, зы къэIуэтэгъуэр щызэфIэкIым деж, ар зэхэзыхым нэгъуэщI къыпигъэувэжыну Iэмал къриту. ДызыщIэдэIур Iуэтэжыр зи къалэмыпэ къыщIэкIа Лосэн Хьэужан и макъращи, абы и псалъэ зэпыщэкIэм Iэмал къыдет къэIуэтэжакIуэм дыдэгумэщIыну, и гурыгъузхэр зыхэтщIэну, жиIэр къапщтэу е къыумыщтэу уи еплъыкIэ зэбгъэпэщыжыну.

Илъэс пщIы бжыгъэхэр тещIэжа пэтми, анэкъилъхум и гущIэм зыхищIа узыр иджыри пхывыкIыжакъым, мэпIэжьажьэ, и къэIуэтэгъуэм пэплъэу иджыри къыздэсым екIуэкIащ. Хьэужан тхакIуэкъым, ауэ адыгэ псалъэр фIыуэ зылъагъу цIыхущ. Нэгум щIэмыкIыу щIэлъ Iуэхугъуэхэр псалъэкIэ зэпищащ, Iэмал зэригъуэткIэ узытезымыгъэзашэ бзэкIэ ди пащхьэ кърилъхьэжащ. Тхэныр зи IэщIагъэу щымыт цIыхум деж гъащIэ псор зы тхыгъэм иригъэзэгъэныр тынш дыдэу щыткъым. Ауэ ущеджэкIэ, а къэхъугъэм хэтхэр щыIэныгъэм и пшагъуэм пхыкIыурэ а махуэхэм зэрыхуагъэзэжым хуэдэу, гъуэгу уадытохьэ. КъэпщытакIуэхэм зэрыжаIащи, Iуэтэж кIэщIым а гъуэгум утрешэ, гум ихъумэ фэеплъым урешалIэ.

ЕкIуу къэIуэта зэрыхъуари фIагъыу иIэщ тхыгъэми, анэкъилъхум и гурыщIэм къиIукI джэ макъым и пэджэжыгъуэр къэса хуэдэщ. ЗэрыжытIащи, Лосэным и тхыгъэр къэпщытакIуэхэм нэхъыфI дыдэхэм халъытащ. ЕгъэджакIуэхэм я лъэIукIэ а тхыгъэр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ди гуапэу идолъхьэ.

**ТАБЫЩ Мурат**.



**Лосэн Хьэужан**

# Гум и джэ макъ

**Iуэтэж**

ЛыкIэ, лъыкIэ къыбгухьэ псори IэфIщ. IэфIщ адэ-анэр, гъащIэ къыузэратам нэхъ щхьэусыгъуэ имыIэми. IэфIщ къыбдалъхуахэр, узэтIыркъми-узэшыркъми, зы шынакъ уошхыкI, зы псысэ уодаIуэ, зы адэ-анэм я унафэ ущIэтщ, узэгъусэщ сытым дежи. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ зэман кIэщIкIэ узэкIэщIэкIами, зы унэ укъокIуэлIэж, махуэм бгъэхъар зэхубоIуэтэж. Зыгуэрым лей къытехьамэ, игъащIэм зэщыхьауэ умыщIэжыну, зэкъуоувэри къыщхьэщож. Арат адэ-анэм дызыхуагъасэр - узэрылъагъумэ, узэрыIыгъмэ, хамэхэми пщIэ къыпхуащIынущ, дзыхэнущ. БзаджащIэ цIыкIухэри къыптегушхуэнукъым. Зыми хуэмыдэу, унагъуэм ис сабий нэхъыжьхэри балигъхэри нэхъ зытегужьеикIауэ щыт хабзэр нэхъыщIэ цIыкIухэращ.

Ди унагъуэми псоми дгъафIэу зы хъыджэбз нэхъыщIэ цIыкIу диIэт. Пэжщ, дыщыхузэгуэпи къэхъурт сабий нэхъыжьхэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ адэ-анэр абы зэи ешхыдэртэкъым, мыр пщIакъым, модрейр пщIакъым жаIэу зэи и жагъуэ ящIыртэкъым. Папэрэ мамэрэ дэнэ кIуэми здашэрт, и мыгъусэу а тIум языхэзыр зыщIыпIэ кIуами, зыщыгуфIыкIын гуэр къыхуамыхьу къэкIуэжыртэкъым. Майе цIыкIу щIыкIафIэт, нэфIэгуфIэт, дахэ цIыкIут, цIыхум защигъэнщIыртэкъым, псом хуэмыдэу ди анэр зыми пищIынутэкъым. ГъащIэм хуэнэхъуеиншэт, щызекIуэкIэ и лъакъуэ цIыкIухэр гъуэрыгъуэурэ зэблихъуу дэпкIейурэ гъуэгум къурикIуэу си нэгу щIэтщ.

Гъэмахуэщ, дунейр дыгъэпс дахэщ. Хадэм уихьэмэ, псори щхъуэкIэплъыкIэщ, тхыпхъэщIыпхъэ хэдыкIам ещхьу. Хьэсэхэр удзыфэ дахэщ, нартыхум я щхьэц къыдадзахэр зым ейр плъыжьыфэщ, адрейм ейр гъуэжьыфэщ, иныкъуэхэр удзыфафэщ. МыIэрысэ пасэр джабэплъ дахэу тхьэмпэ щхъуантIэхэм къахоплъыжыкI. Анэм уцэрэфыжауэ игъэжьа щIакхъуэ хъурей тхъуэплъышхуэм Iыхьэфl зырыз къыгуитхъырти, ди Iэр къисуу къыдитырт, шыгъу тIэкIу щIыдгъужырти, бжьын цIынэ, балыджэ хъуагъащIэ тшхыну Iэджэрэ хадэм дихьэурэ дыщис къэхъурт, мами тщIыгъуу. Сытуи IэфIт! Дуней псор дэра хуэдэт зейр, сыт ди гукъеуэт? Ди анэр гупсэт, ди адэр псэут!

Ауэ гъащIэр гъащIэщ, зы къэхъугъэм адрейр ехъуэж, упэмыплъагъэххэу зы фIыгъуэ гуэр е мыгъуагъэ гуэр къызыкъуихыныр и щэнщ. Майе илъэсипщI фIэкIа щымыхъум, сэ унагъуэ сихьагъащIэт. Апхуэдэм деж укъызыхэкIа унагъуэм нэхъ ухуогумэщI, уигу къокIрей, псоми уахуозэш, езыхэри ущыкIуэжынум пэплъэу щысщ, къахуэмыгъэсу.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм гъуэгубгъум деж дохъушыкъуейдэсхэм бэзэр къыщызэIуахауэ пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр щащэ хабзэт. Си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIури яхэтт а сатуущIэхэм, уеблэмэ псоми ятекIуэжат. Пэгун хьэлъэр дримыгъэхыу ди анэм худихырти, къэкIуэжырт. Сыкъэсыжа щыжиIэм, пэгун нэщIитIыр игъэкIыргъыу дуней гуфIэгъуэр иIэу къыдэлъэдэжырт, мамэ къыжриIэну псалъэ дахэхэм хуэпIащIэу. Апхуэдэу зэгуэрым сатууфI ищIауэ пщыхьэщхьэм къекIуэлIэжащ Майе. Ар иджыри хуейт дэкIыну, ауэ мамэ хуидакъым:

- Хъунщ ар зы махуэкIэ. ТIыси Iэфlу шхэ, зыгъэпсэху, узыхуейр щIэ.

АрщхьэкIэ, шхэн имыдэу, дагъэ пщтырым къыхихыжа лэкъум пIэрэпIэщэжыр къиштэри дэкIащ сагъыз къищэхуну, къэкIуэжмэ шхэну жиIэри.

Ди анэр щIэгузавэр езыми къыгурымыIуэжу пIейтейрт, и гур егъэлеяуэ ину къеуэрт. Лэкъум гъэжьэныр иухри, хьэкъущыкъухэр зэхитхьэщIэжащ, я пIи иригъэзэгъэжащ. Тхъупсым зэрихьэ шыпсым джэдыщIэ иукIам щыщ лы Iыхьэ тIуртI хэлъу тепщэчитI, лэкъумхэр зэрылъ зы тепщэч, пIастэ хуабэ зэрылъ нэгъуэщI зыи Iэнэм къытригъэуващ.

«Жэщ хъунущ, щхьэ къэгувэрэ мы Iейр, шхынри мэупщIыIуж?» - жиIэу здегупсысым, фочауэ макъ къэIуащ. Сытуи макъейт, сытуи шынагъуэт! Езыми къыгурымыIуэжу «Майе!» жиIэри кIияш, щIэпхъуащи, хъыджэбз цIыкIур здэкIуа унагъуэм мажэ.

А унагъуэр зытес уэрамым утехьэн папщIэ, уэрам ныкъуэ иджыри ижын хуейт. Мажэ, мажэ, нэсыркъым... Сытуи кIыхьт а ныкъуэр, хьэмэ и лъэр зэблэмыкIыу ара? «Майе» и тхьэкIумэм къиIуар, хьэмэ къыщыхъуу ара? Гъы макъ хьэмэ зэрыгъэкIий макъ зэхихыр? ГурыIуэгъуэншэщ... Мажэ, тохьэ уэрам шынагъуэм. Дэнэ мыпхуэдиз цIыхур къыздикIар, щхьэ зэрызехьэрэ, щхьэ зэрыгъэкIийрэ псори? Аргуэру и тхьэкIумэм къоIуэ: «Iуфш псынщIэу!» Хэт Iуашынур, дэнэ здашэнур?! Нэсащ псори щызэхэт щIыпIэм. Зэпылэлу дэIэпыкъуэгъу псынщIэм иралъхьэ Майе. Анэ тхьэмыщкIэм и макъыр езым зэхихыжыркъыми мэкIий: «Дэнэ здэфхьыр, къызэфтыж си сабийр?!» АрщхьэкIэ дунейр къытоункIыфIэ...

ЩIалэ нэхъыжьыр унагъуэ хъужри щхьэхуэу тIысауэ, ауэ тпэмыжыжьэу псэурт. Ар тест а уэрам шынагъуэм. Абыи къызэхихащ фочауэ макъыр. КъыдэцIэфтри, и шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIум и цIэр жаIэурэ хэти кIийуэ, хэти гъыуэ къыщызэхихым, зричащ. Аргуэру «яукIащ» псалъэр и тхьэкIумэм къиIуащ. Дэлъэдэжри, блыным фIэлъ фочыр къыфIихауэ ипщэкIэ дожей, нэсащи, и нитIыр къихуу яхоплъэ, мэкIий:

- Сыт къэхъуар, сыт Майе къыщыщIар, дэнэ здашэр, сыт щIашэр?!

ИхъуреягъкIэ «Майе» жаIэурэ сабийхэри балигъхэри зэхэпхъауэ щытщи зэщIогъуагэ. Щтэщащи, и фочыпэр шияуэ и пIэм йоуджыхь, ауэ зригъэпщэнур хэт?! ИхъуреягъкIэ щытыр и Iыхьлыщ, и благъэщ, и хьэблэгъущ:

- Хэт сыт етщIа икIи къыдищIэфыну? Къэхъуа дыдэр сыт? ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм щхьэ Iуиша?

ХъыжьпIыжьщ, ауэ и щхьэр мэлажьэ, и гур губзыгъэщ. Маплъэри, и анэр къелъагъу.

- Мамэ! - зедз и анэмкIэ лIым. Анэм и нэр мащIэу къызэтрехри «Майе» жеIэри къыхокъугъыкI, хуэмурэ къызэфIагъэувэ.

- Мышэ, уэри щхьэ пIыгъ мы фоч угъурсызыр? Мышэ, думыгъэунэхъу! - мэгузэсэж мамэ.

- Мышэ, Мышэ, псынщIэу скорэм дыкIэлъыгъакIуэ, ар псэущ иджыри! - къоджэ фочыр здэщыIа унагъуэм я цIыхухъу нэхъыжьыр.

Машинэм зрадзэри якIэлъыкIуащ, ауэ пщIэншэрыкIуэт. ЩыIуашым и псэр хэкIат а тхьэмыщкIэ цIыкIум. ЦIыхур нэгъуэщIу яхузэхэгъэкIынутэкъыми, Iурагъэшауэ арат. Майе и закъуэтэкъым Iуашар, фочыр «къызыIэщIэуа» щIалэ цIыкIури IуашакIэт, уеблэмэ къуажэм дагъэбзэхыкIат, етIуанэ хьэдагъэ къэмыхъу щIыкIэ, жаIэри.

Къэхъуар мырат. Зэдэлъхузэшыпхъу, я бжыхь кIапэ зэтауэ, зэгъунэгъуу псэурт. Дэлъхум и къуэм, тхьэкIумэкIыхь ещэну, и адэ шыпхъум и щхьэгъусэм и фочыр къыIихащ. Фочыр зейр къэкIуэжри, блыным фIэмылъыжу щилъагъум, къэгубжьауэ здэщыIэмкIэ щIэупщIащ. И щхьэгъусэм хуэгубжьри, илъэсий фIэкIа мыхъу, къахьауэ япI я къуэ цIыкIур фочыр къихьыжыну игъэкIуащ. ЩIалэр дэстэкъым, цIыхухъу нэхъыжьри хадэм итт. ЦIыхубзым жэм ишу Iуэм исти, «папэ сыкъигъэкIуащ» сабийм щыжиIэм, пэш плIанэпэм къуэт фоч узэдар къиштэжыну жриIащ. Фочыр иIыгъыу пщIантIэм къыщыдэкIыжым ирихьэлIэу а унагъуэм я хъыджэбз цIыкIумрэ Майе цIыкIумрэ гуфIэжу уэршэрурэ къехыжырт.

- Сыноуэ, - жиIащ жаIэ, Майе фочыр тригъапсэри.

- Шэ илъыххэкъым абы, тхьэ укъызэмыуэн, - къыпыгуфIыкIыу жэуап иритыжащ.

ЩIалэ цIыкIум фочыр зэфIигъэпкIри, шэ зэрилъыр иригъэлъэгъуащ. Абы и ужькIэ еуащ. Къилъэтащ ажалыр зи пэм пылъ бдзапцIэшэр, зэи къэмытэджыжыну щIы фIыцIэм си гуащэ сурэт цIыкIур хэзыIулIар.

Ар къызэрыхъурэ илъэс пщIырыпщI Iэджэ дэкIыжащ, ауэ куэдрэ согупсыс: «ЗэрыIуашар нэхъыфI? СымаджэщымякIэлъымыкIуамэ, хэтми, Мышэ зыгуэр къыIэщIэукIэнут. ИтIанэ лIыукI хъуауэ аратэкъэ?» - жысIэурэ.

ЩIалэ цIыкIухэм зэзэуэн, зэбэныныр я хьэлщ. Мышэ апхуэдэтэкъым, уеблэмэ и къуэш нэхъыщIэ цIыкIуитIым, щещхьэфауи къыхэкIыу, ешхыдэрейт, зэхэуауэ зэхихыжмэ. ИтIани куэдрэ жиIэрейт:

- Абы щыгъуэ къэхъуар сщIатэмэ, силъ сщIэжатэкъэ?!

Сабийр фочхьыж зыгъэкIуа адэрат Мышэ игъэкъуаншэр. Къуаншэт фочыр узэдауэ плIанэпэм дэзыгъэувэжа щIалэри, къиштэжыну жезыIа цIыхубзри. Хэтыт абы мыкъуаншэу яхэтыр? Пэжщ, зыри хуеякъым апхуэдэ къэхъуну! Ари къызгуроIуэ! Дауэ мыхъуами, сыхуейтэкъым Мышэ лIыукI хъуну. Нобэр къыздэсым яхуэзгъэгъуфыркъым унагъуитIми, псом хуэмыдэу, фочыр зей унагъуэм, зэфэну псыр къэмыжа сабийм и гъащIэр зэрыIахам щхьэкIэ. Яхуигъэгъуфакъым Мыши, и Iупэр зэтежми, фIэхъус-сэлам зэIэпахми, и гум дыркъуэр телъащ псэуху, къезауэу, къеузу, и нэпсыр къыщIихуу.

«И натIэм кърихтхат», - жаIэ. Ауэ ари си фIэщ схуэгъэхъуркъым, абыхэм Майе и псэ махэ цIыкIур хахауэ къызолъытэри.

Дэлъхум, нысэм, къуэм я цIэ къисIуэфакъым - сэ ахэр зэгуэр фIы дыдэу слъагъуу щытащ, икIи зэи ягъэбиякъым си адэ-анэм. ЗэщхьэгъуситIыр дунейм ехыжащ, я псэр згъэгузэвэнуи сыхуейкъым.

Хьэлъэщ мыпхуэдэ щIэщхъу гуауэм, гукъутэм утепсэлъыхьыну, ауэ гум и джэ макъым срихулIащ.




## Си дадэ

*Си адэшхуэ Бэрэгъун Іэниуар хузотх*

**Сэ си дадэ лэжьакІуэшхуэщ,**
**Къаруушхуэ иІэщ дадэ.**
**Сэ си дадэ иІэщ пщІэшхуэ,**
**Іуащхьэмахуэ хуэдэу лъагэу.**
**Лъэпкъгъэдахэщ, жьыщхьэ махуэщ,**
**Уэрэдыжьхэр жеІэ дахэу.**
**Дегъэгушхуэ, ар жьэнахуэщ,**
**Хабзэ дахэ хэлъщ си дадэ!**
**Дадэ хуэдэ улъыхъуамэ,**
**Дуней псом къыщыбгъуэтынкъым.**
**ФІыуэ дадэ сэ солъагъур,**
**Си щхьэр лъагэу сэ сІэтынкъэ!**
**Сэ ин сыхъумэ, лъэпкъ унэцІэр**
**Згъэпэжынущ, згъэдэхэнущ.**
**Дадэ сэ къысхуэарэзыуэ**
**Пэжагъ схэлъу сыпсэунущ!**

БЭРЭГЪУН Тамерлан.



● Шхыныгъуэ



# Бжэныл гъэгъупцІа, кІэртІоф, бжьын щІэлъу

БЖЭНЫЛ гъэгъупцІар зэпауд е зэпаупщІ г 40 - 50 хъу тыкъыр цІыкІуурэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, тебэм иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри, тебащхьэр трапІэ. Хьэзыр хъуху, псыр щІэвэщІэху, зэзэмызэ зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету ягъавэ. Псыр щІэвэщІа нэужь къыщІидза дагъэмкІэ дакъикъи 5 - 8-кІэ, тхъуэплъ хъуху, зэІащІэурэ ягъажьэ.

КІэртІофыр ІупщІэурэ яупщІатэ, шыгъу трагъэщащэ, тІэкІу ягъэжэпхъыжри, лы жьэм зэІащІэурэ халъхьэ. Тебащхьэр трапІэри, дакъикъи 10 - 12-кІэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэІащІэурэ. ИтІанэ бжьыныщхьэ упщІэта халъхьэ, псори зэІащІэри, хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Жьэным зы дакъикъэ е тІу фІэкІа имыІэжу шыбжий сыр хьэжа траудэ.

Хьэзыр хъуа лыр пэшхьэкум къытрах, джэдгын траудэри, тебащхьэр тепІауэ дакъикъи 4 - 5-кІэ щагъэт. Пщтыру яшх. Дашх пІастэ хуабэ, мырамысэ.

***Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*** бжэныл гъэгъупцІауэ - г 400, кІэртІоф укъэбзауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, псы щІыІэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● КъэкІыгъэхэр

# Узыфибл зыгъэхъуж

БЖЬЫНЫР зымышхрэ ерыскъыхэлъхьэу къэзымыгъэсэбэпрэ щІы хъурейм лъэпкъ къыщыгъуэтыгъуейщ. Аращ дэнэкІи куэду щІыщащІэри.

А хадэхэкІ хьэлэмэтыр лІэужьыгъуэ щиплІым щІегъу, ауэ ди къэралым щащІэр щитІрэ тІощІрэ пщІым нэсщ. ЦІыхум фІыуэ ялъагъу къэкІыгъэ къудейкъым бжьыныр, атІэ бжьыныхум ещхьу, ари хущхъуэщ. «Бжьыным узыфибл егъэхъуж», - жиІэу псалъэжь щыІэщ.

Бжьыным и хэкур КъуэкІыпІэ Ищхъэрэрщ. Абы щыпсэухэм, илъэс минитІрэ щитхукІэ узэІэбэкІыжмэ, бжьын ящІэу щытащ. КъуэкІыпІэ Ищхъэрэм икІри бжьыныр пасэрей алыджхэм, хьэрыпхэм, урымхэм яІэрыхьащ, адэкІэ дуней псом щызэлъащІысащ.

Урысейм бжьыныр къызэрыщацІыхурэ куэд щІакъым - илъэс щибл-щий хуэдизкІэ узэІэбэкІыжмэщ.

ЦІыхур узыншэу щытын папщІэ зыхуеину куэд хэлъщ бжьыным. Ар белок, кислота, витамин зэмылІэужьыгъуэхэрщ. Нащэ, къэбыстэ, помидор е нэгъуэщІ зыгуэрхэр щагъэфІэІукІэ, щашыукІэ бжьыныр куэду халъхьэ.

Къызэрыхэдгъэщащи, узыфэ зыкъомым ироІэзэ бжьыным. Псалъэм папщІэ, псчэ Іей зиІэм, зи тэмакъыр узым бжьынрэ форэ зэхуэдэу зэхалъхьэри ирагъэшх. БжьыныфэмкъыщІэвыкІа псыр щахуэмэ, уІэгъэр нэхъ псынщІэу мэкІыж, а псымкІэ щхьэр яхущІмэ, щхьэцыр иримыгъэкІыу зэтреІыгъэ, кхъапІэ хэлъмэ, егъэкІуэд.

НэгъуэщІ ІуэхугъуэхэмкІи щхьэпэщ бжьыныр. Гуэдз е хьэпцІий гуэным иракІутэжамэ, ар нэхъ хъумэгъуафІэ мэхъу бжьыныщхьэ хэплъхьэмэ - хьэпІацІэ хригъащІэркъым.

Урыс еджагъэшхуэ Токин Борис къызэрихутамкІэ, бжьыным еукІ уз зэрыцІалэхэр къезыхьэкІ микробхэр. ЩІыфэр шхэмэ, къиткІуэткІуамэ, бжьын зэхэупщІэтар тІэкІурэ зэхэбгъэлъръэ щыпхуэмэ, егъэхъуж.

**БОРЕЙ Рауф.**



● ГушыІэ

### ЩІакхъуэм и никъуэр мыракъэ!..

ЗэдзеитІ зэдэлажьэу губгъуэм итт. А тІум зы щІакхъуэ псо яІэт гъуэмылэу. ЗэдзеитІым зыр псыхьэ кІуэуэ къэкІуэжыху, пщыІэм къытенам щІакхъуэм и никъуэр ишхащ. Шхэгъуэр къэсу гъуэмылэр къыщащтэм, псыхьэ щыІар щІэупщІащ:

- Мыр сыт, дэнэ мы щІакхъуэм и никъуэр здэкІуар? - жиІэри.

- ЩІакхъуэм и никъуэр мыракъэ? - жиІащ зышхам.

- Дауэ, мыр щІакхъуэ никъуэрщ, адрей и никъуэр дэнэ щыІэ? - жиІащ.

- Адрей и никъуэр мыракъэ?

- Мыр щІакхъуэ псоуэ щыта?

- Щытащ.

- АтІэ дэнэ щыІэ и никъуэр?

- Мыракъэ и никъуэр?

- Мыр и зы никъуэрщ, адрей никъуэр дэнэ щыІэ?

- И зы никъуэр мыракъэ! - жиІэурэ зригъэумысакъым.

**ГЪУКІЭМЫХЪУ Іэбубэчыр.**

● Псалъэжьхэр

# Зы гъэр тІэу къакІуэркъым

- ✦**Зи бзэм хуитыжым и насыпщ.**
- ✦**УкІытэр щагуэшым дурэшым дэсащ.**
- ✦**Си ныбэ изщ жыпІэу гъуэмылэншэу уемыжьэ.**
- ✦**Уэрэдус пщыпсэІухщ.**
- ✦**Дунейр къэкІухьи, уи унэ ихьэж.**
- ✦**Насып зимыІэм и дзэр хъудырми Іуещ.ІыкІ.**
- ✦**Насыпыр къэкІуэн хъумэ, цы Іуданэми къешэ, кІуэжын хъумэ, гъущІ пщэхъуми хуэубыдыркъым.**
- ✦**Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.**
- ✦**Гъуэгу мыгъуэ уежьэнумэ, танэжь закъуэри мэлІэж.**
- ✦**Зы гъэр тІэу къакІуэркъым.**
- ✦**Зи щІыхуэ птелъым уриІуэхутхьэбзащІэщ.**
- ✦**ДжэгукІэ зымыщІэр ІэштІымкІэ мауэ.**
- ✦**Ажалым умылъыхъуэ - езым укъигъуэтынщ.**
- ✦**Ахъшэр пшахъуэщ, гъащІэр пцІащхъуэщ.**
- ✦**ЖьакІэр тхъуамэ, фІыцІэ хъужыркъым.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Зи пхъафэр щхъуантІэ-хужьыфэ, зи тхьэмпэхэр хуэхъурей щІыкІэ жыг. **5**. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актер цІэрыІуэ. **6**. Хьэпщхупщхэм ящыщ, хъы ищІым, бадзэ къиубыдурэ ишхыу. **7**. Мэзым къыщыкІ мыІэрысэ цІыкІу. **10**. Къулейсызыгъэ къэзышэ псы къиуа. **11**. Зи ... пщІэм уриІэзэщ *(псалъэжь)*. **12**. Пащтыхь, уэлий, къэрал, хэку унафэр зыІэщІэлъ. **13**. Тенджыз ин. **14**. УпщІэм къыхэщІыкІа щыгъын щІыІутелъ, и щІыІум, щІакІуэм ещхьыу, цы кІыр тету, Іэгъуапэ пытрэ, цейм ещхьу дауэ.

***Къехыу:*** **2**. ЛІыгъэшхуэ зыхэлъ, зыгуэрми щышынэу къэзымыгъэазэ. **3**. ТхыпхъэщІыпхъэу, къуэлэнпщІэлэну зэхэлъ, пэш лъэгум ираубгъуэу е блын ирагъэдахэу зэрахьэ хьэпшып. **4**. Муслъымэн диным имыт цІыхум фІигъэжа Іэщым ил. **8**. ІуплъапІэ, напэр здэгъэза лъэныкъуэ. **9**. Гъэш къэзыт унагъуэ Іэщышхуэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**



***Накъыгъэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Удж. **5**. Ерокъуэ. **7**. Вы. **8**. Уанэ. **9**. Балэ. **11**. Уэ. **12**. АдрыщІ. **13**. Шэ.

***Къехыу:*** **1**. Ленинград. **2**. ЩІэпхъаджащІэ. **4**. ДжэдуукІэ. **6**. Обь. **7**. Вагъуэбаш. **10**. Хъуэр.

• Шыгъажэ



*Сурэтхэр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

# ДяпэкIи апхуэдэнущ

**Дунейм и щытыкIэм арэзы укъызэрищIа щымыIэми, Налшык и шыгъэжапIэм накъыгъэм и 9-м, зэрыхуагъэфэщауэ, цIыху куэд къекIуэлIат.**

АТIЭМИ, дяпэкIи апхуэдэу зэрыщытынумкIэ, уеблэмэ нэхъри нэхъыфIыж зэрыхъунумкIэ шэсыпIэ зэрихьэр зэхьэзэхуэм щыжаIащ «Урысейм и шыгъэжапIэхэр» АО-м и тхьэмадэ Зайцев Дмитрийрэ а IуэхущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм щиIэ и къудамэм и унафэщI Сэкрэк Зауррэ. ТегъэщIапIэу ящIри Налшык ипподромым нэхъри зригъэужьыным ди къэралым иужьрей илъэсхэм гулъытэ хэIэтыкIа зэрыхуищIырщ.

Къэдгъэлъагъуэмэ, накъыгъэм и 9-м мы «тэхъуанэм» къеблэгъа нэхъыжьыфIхэм «сэлэт кашэ» Iуагъэхуащ, шыгъажэр щызэпыухэм деж, республикэм и артист цIэрыIуэхэм зауэм теухуа уэрэдхэр щагъэзэщIащ. ЦIыкIухэри тезыгъэун Iэмал Iэджи къыхуагъуэтащ: хуагъэува карусельымкIэ кърашэкIащ, «Налшык» хьэлвэ заводым къахуиутIыпща псы IэфI зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зрагъэтIыжащ, къыдыр гъэщIэрэщIам чэзукIэрэ ягъэшэсащ.

Iуэхум щIидзэн ипэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Говоров Сергейрэ «Урысейм и шыгъэжапIэхэр» АО-м и тхьэмадэ Зайцев Дмитрийрэ. МахуэшхуэмкIэ ехъуэхъуу шыгъэжапIэм къекIуэлIахэм зыщыхуагъазэм, абыхэм къыхагъэщащ дунейм и щытыкIэм емылъытауэ, апхуэдиз цIыху мы щIыпIэм къызэрекIуэлIам зэрыщыгуфIыкIари, езы шыгъажэр екIурэ-ещхьу зэрекIуэкIынум шэч къызэрытрамыхьэри.

Шыгъажэр едзыгъуипщIу зэщхьэщыхат. 8-м - лъы къабзэ зыщIэт шыгъажэшхэр щызэпеуащ, 2-м - хьэрыпышхэр къыщагъэжащ. Саугъэтхэр зэхэтлъхьэжмэ, псори зэхэту сом 1 мелуанрэ мин 400-рэ хъурт. Абыхэм ящыщу пщIэ нэхъ зиIэу ягъэувар «Пробнэ» зыфIаща зэпеуэхэм щытекIуахэм иратахэрт.

Махуэм иращIэкIа зэхьэзэхуэр илъэситI зи ныбжь хьэрыпышхэр метр 1000-м къыщызэдагъажэкIэрэ щIадзащ. Ахэр къэзыгъэпхъэрахэр щIэныкъуэкъуащ СССР-м и кхъухьыдзэм и адмирал Головко Арсений и фэеплъ саугъэтыр къэхьыным.

Телъыджэр аращи, Iуэхум хэзыщIыкIхэм, шэч къытрамыхьэжу, зы жьэу зэдыжаIат мы зэхуэзэгъуэм бжьыпэр къыщызыхьын хуеяр Мордухович Эдуард и хакIуэш Эдинбург зыфIащар арауэ зэрыщытыр. АрщхьэкIэ, къызэрекIуэкIари къызэрыщIидзари нэгъуэщIущ. «Терский» шы заводым къыщагъэхъуа Нимбус Терска шы гъуабжэм ищхьэкIэ зи гугъу тщIахэр зыпэплъар къызэпиудащ: япэ категорие зиIэ шуей Щоджэн Iэдэм къигъэжа шым зытехьа гъуэгуанэр псом япэ къызэринэкIащ.

КIэлъыкIуэу, «Налшык и саугъэт» зыфIащам щIэбэнынымкIэ метр 1200-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм щытекIуащ «Волгоградский» шы заводым щапIа Мит Миф шыгъажэшыр. Ар зыгъэсар мастер-тренер Хьэткъуэ Щамилщ, къэзыгъэжар Хьэткъуэ Резуанщ.

«Пробнэ» зыфIаща зэпеуэхэм ящыщ зыт Урысейм и ЛIыхъужьхэм я цIэкIэ саугъэтым щыщIэбэнар. Мыбдежым щехъулIар «Терский» шы заводым и Верная Терск шырщ. Ар къэзыгъэжар шууей Щоджэн Iэдэмщ.

Накъыгъэм и 9-м иращIэкIа шыгъажэм и курыхт ТекIуэныгъэм и махуэм и цIэкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэр. Илъэсищ зи ныбжь хакIуихыр метр 1600-м къыщызэдагъэжати, япэ яфIищар Краснодар крайм щыIэ «711» шы заводым къыщагъэхъуа Чэмп Дэнсерщ. Шыр жыжьэ кърашами, и уанэгу исар ди лъэпкъэгъу, «Кабардинский» шы заводым илъэс куэдкIэ щылэжьа Албэрды Анзорщ. Мы щIалэр, къыхуагъэфэща саугъэтыр къыщратыжым, шыгъэжапIэм къекIуэлIахэм я мызакъуэу, ди къэралым и цIыху псоми махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ (къызэрыщIэкIымкIэ, езыри дунейм къыщытехьар накъыгъэм и 9-рщ).

115-нэ шу дивизэм и цIэкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм километри 2 зи кIыхьагъ гъуэгуанэм щызэIущIащ зи ныбжь хэкIуэта хакIуи 9-р. Абыхэм ящыщу бжьыпэр зыубыдар «Налшык» хьэлвэ заводым и шэщым къыщIаша Терек Стар хакIуэрщ.

Къармэ Хъызыр и фэеплъу къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм метр 1800-м къыщызэдагъэжащ илъэсищ зи ныбжь шыхэр. Абыхэм ящыщу текIуар «Малкинский» шы заводым щаIыгъ Ландромат шы гъуабжэрщ. Ар зыгъэсари къэзыгъэжари япэ категорие зиIэ шууей Шыкъ Астемырщ.

Абхъаз Республикэм и ЛIыхъужь, генерал-лейтенант Сосналы СулътIан и фэеплъу ягъэува саугъэтыр къэхьыным метр 1800-р къызэзынэкIахэм ящыщу бжьыпэр иубыдащ Шулер зыфIаща шым. Ар зейр Алий Рашидщ, зыгъэсар Алокъуэ Аслъэнджэрийщ, къэзыгъэжар Пэнжокъуэ Рустамщ. Шы гъэхъуным куэд щIауэ яужь ит абхъаз щIалэ Цишбэ Нодар и IэрыкI саугъэтыр абыхэм яIэщIэзылъхьар Абхъаз Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъу Ашбэ Ахърэрэ а щIыналъэм ди республикэм щыщу щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Яхэгуауэ Сергейрэщ.

Налшык ипподромым накъыгъэм и 27-м щекIуэкIыну къыкIэлъыкIуэ шыгъажэм, хабзэ зэрыхъуауэ, «Спринтерские» саугъэтхэр щагъэджэгунущ.

**ЛУЦ СулътIан**.

• Махуэгъэпс

# ХэзыщIыкI дагъуэншэщ

**Ди планетэм тет къэралхэм я нэхъыбапIэм илъэс къэс накъыгъэм и 12-м къыщызэрагъэпэщ хабзэщ «ЦIыхухэм экологие щIэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэ» зыфIащам ехьэлIа Iуэхугъуэхэр. АбыкIэ унафэ къыщащтауэ щытар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэIущIэу Бразилием и къалэ нэхъ инхэм ящыщ Рио-де-Жанейрэ 1992 гъэм щызэхашарщ.**

Накъыгъэм и 12-м гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэм сабий садхэм, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIыуэпсым и щытыкIэм и гугъу щащI зэхыхьэхэр щызэхашэ, зэпеуэ удэзыхьэххэр къыщызэрагъэпэщ, Iэгъуэблагъэр щызэлъыIурагъэх, жыгыщIэхэр щыхрагъасэ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, къэрал унафэщIхэм «экологие» псалъэр къэгъэсэбэпын щыщIадзар 1866 гъэм иужькIэщ. Абы лъандэрэ зэман куэд дэкIами, ЩIы Хъурейм и щIыуэпсыр, языныкъуэ щIыпIэхэм щызэтеувэж щхьэкIэ, зэрыщыту къэтщтэнщи, щекIакIуэ зэпытщ. Ар, ди жагъуэ зэрыхъущи, нэрылъагъущ абы набдзэгубдзаплъэу хущыт дэтхэнэ зым и дежкIи. Ауэ щыхъукIи, «экологие» псалъэм пасэрей алыджыбзэм къыщикIыу щытар «унэ», «псэупIэ» жыхуиIэрщ. ИпэжыпIэкIи, ЩIы Хъурейр псэущхьэу абы тес псоми я дежкIэ, цIыхухэри дахэту, ди зэхуэдэ хэщIапIэщ, дэтхэнэ зыми пэш щхьэхуэ щыдиIэжу.

АтIэми, дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм IупщIу щыгъуазэ дыхуэзыщI, къыщыхъу-къыщыщIэхэр къыдгурызыгъаIуэ, абыхэм къарикIуэнкIэ хъунум дезыгъэгупсыс щIэныгъэр цIыхухэм ябгъэдэлъхьэным и мыхьэнэр зэрыинми шэч къытехьэгъуейщ.

Мы Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, щIыуэпсым и щытыкIэр зыхуэдэм щытепсэлъыхь дерсхэм цIыхухэр щIэгъэдэIуныр ди планетэр шынагъуэншэу къызэтегъэнэным теухуауэ ирагъэкIуэкI Iуэху нэхъ пажэхэм ящыщ зыщ.



ЦIыхухэм экологие щIэныгъэ егъэгъуэтыным и махуэм Урысей Федерацэм гулъытэ хэха хуащIу щыщIадзар 1996 гъэм иужькIэщ. Абы лъандэрэ, ди къэралым зы илъэс къэмынэу, дыкъэзыухъуреихь дунейр шынагъуэншэу щыгъэтыным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр мэлыжьыхьым и 15-м къыщегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 5-м нэсыху («ЩIыуэпсыр хъумэным и дунейпсо махуэр» хиубыдэу) щрагъэкIуэкI.

А псоми хыхьэу, Экологие щIэныгъэхэм я махуэу къызэдалъыта накъыгъэм и 12-м еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, сабий гъэсапIэхэм, тхылъ хъумапIэхэм, щIэныгъэ институтхэм къыщызэрагъэпэщ хабзэ зэхыхьэхэм къызэхуэсахэр щыщIагъэдэIу дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм ехьэлIа дерсхэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.

• КъБР-м щыIэ МВД-м къет

# Гъуэгум щыуагъэр къыфхуигъэгъунукъым

**УФ-м и МВД-м и Къэрал автоинспекцэм Прохладнэ щIыналъэм щиIэ къудамэмрэ Урысейм и УФСИН-м КъБР-м щиIэ къудамэ №1-мрэ я лэжьакIуэхэм рейд ирагъэкIуэкIащ, фадэ ефауэ рулым дэмытIысхьэным къыхураджэу.**

- НЭГУЗЫУЖЬУ фи зэманыр вгъэкIуауэ е махуэшхуэ гуэрым фыхэтауэ фыщыкIуэжкIэ, чэф фиIэу машинэ рулым фыбгъэдэмытIысхьэ. Гъуэгум щыуагъэр къыфхуигъэгъунукъым. Апхуэдэхэм деж таксим и Iуэхутхьэбзэхэр къэвгъэсэбэп, фи шынагъуэншагъэмкIэ ар нэхъыфIщ, - къыхагъэщащ Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм.

Абыхэм гъуэгум тетхэм ягу къагъэкIыжащ фадэ ефауэ транспортыр зезыгъакIуэхэр жэуапым зэрырашалIэ статья зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэу зэпсэлъахэр къыхураджащ езыхэми гъуэгум къадытетхэми я гъащIэр яхъумэну, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр ягъэзэщIэну икIи чэф яIэу транспортым дэмытIысхьэну.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ**.

• Футбол

# Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.

*Япэ гуп. КIэух Iыхьэм и етIуанэ джэгугъуэ*
**«Спартак-Налшык» - «Дружба» (Мейкъуапэ)**
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*Накъыгъэм и 13. Сыхьэт 16-м.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683 • Заказыр №993

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А